ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№17 (23.987) ● 2020 гъэм мазаем (февралым) и 13, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Бын зыгъуэта анэхэм ахъшэкІэ зэрадэІэпыкъум теухуа зэхъуэкІыныгъэхэр «Урысей зэкъуэтым» Къэрал Думэм къыщыхелъхьэ

ЗэхъуэкІыныгъэхэр ягъэхьэзыращ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зарызыхуигъэзам къыщыгъэува къалэнхэм япкъ иткІэ. Ягъ дыдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ партым игъэхьэзыра зэхъуэкІыныгъэхэм япкъ иткІэ бын зыгъуэта анэхэм ахъшэкІэ ядэІэпыкъуным теухуа программэр зэрагъэзэщІэну пІалъэм 2026 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м нэсыху зэригъэІэпхъуэр.

АХЪШЭ ирату щІадзэнущ 2020 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ ягъэ сабий зыгъуэта е зэзызыэлІэжа унагъуэхэм. Абыхэм зэуэ сом 466617-рэ хухахьнущ. Сабий етІуанэ е абы къыкІэлъыкІуэ сабий зыгъуэтахэм ират ахъшэр сом 616617-м нагъэсынущ. Апхуэдэу гу лъытапхъэщ ахъшэ къызэрыратыну сертификатыр хухахьи папщІэ ятх лъэІум ар щаІэрыхьам щегъэжьауэ махуэ 15-м хэплъэн хуейщ (ягъэм я пІалъэр зы мазэ хьуущ щытащ).

«Президентым къыхилъхьа Іуэхуэр Іэмал зэриІэкІэ нэхъ пасэу гъэззащІэн икІи абы ипкъ иткІэ унагъуэхэм ядэІэпыкъун хуейщ. Мы программэр зытеухуамрэ абы и къарумрэ зегъэубгъуныр дэ ди мурад нэхъыщхьэхэм ящыщущ. Законыр къащта иужь «Урысей зэкъуэт» партыр щІыхуэхэм ядэІэпыкъунущ а хабзэ мардэм ипкъ иткІэ яхуэфащэ дэІэпыкъунгъэхэр и зэманым къаІэрыихьэнымкІэ. Абы папщІэ Іуэхум къыхэтшэнущ ди партым и къудамэу къэралым и щІыналъэ псоми щыІэхэр», - жиІащ «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм и секретарь Турчак Андрей.

«Урысей зэкъуэт» партым къыхилъхьа зэхъуэкІыныгъэхэр псом хуэмыдэу унэгъащІэхэм я дежкІэ сэбэпышхуэ хьуну си гугъащ. Мы программэр щрагъэжьауэ щыта зэманым лъандэрэ ящыІэ демографие щытыкІэр нэрылъагъуу ефІэкІуащ. Ар щыхьэт тохьуэ мы дэІэпыкъунгъэр урысей унагъуэхэм я дежкІэ щІэгъэкъуэн нэсу зэрыщытым. Ауэ бын зыгъуэта анэхэм ахъшэкІэ защІэгъэкъуэным теухуа законыр къыззращтэрэ илъэс куэд дэкІащ икІи абы и кІыззгъэпэщыкІэми и зегъэкІуэкІэми зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьапхъэу къыщІэкІынущ. УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщигъэлъэгъуащ дяпэкІэ ялъ сабийр зыгъуэта унэгъащІэхэми ахъшэкІэ зэрыдэІэпыкъунур. Апхуэдизу, къызэрыслъытэмкІэ, щІэгъэкъуэнныжьуэ сабийр илъэсищ хьуру яІыхь папщІэ мазэ къэс хуэхахьу щыта ахъшэр дяпэкІэ сабийр илъэси 7 икИхуэкІэ зэрыратынур», - къыгъэлъэгъуащ КЪБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмкІэ, узыншагъэр хъумэныкІэ и комитетым и унафэщІ Къэжэр Хьусен.

ПЕЧЕНОВ Владилен,
«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и пресс-секретарь.



● Хъыбар гуапэ

Іуащхьэмахуэ лъапэ ящыщщ щІымахуэ лъэхъэнэм зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр нэхъ тэмэму къыззыгъэпэщ курортищым

ТурСтат турист порталым къытридзащ щІымахуэ лъэхъэнэм зыгъэпсэхуГъуэ махуэхэмрэ махуэшхуэхэмрэ тэмэму къыззыгъэпэщ Іуэхущ Іэхэм я рейтингыр.

АБЫ ИПКЪ иткІэ ялъ увыпІищыр ябыдащ Сочэ щІыІэ Розэ Хутор, Къэбэрдей-Балъкъэрым хиубыдэ Іуащхьэмахуэ лъапэр, Москва областым и Дмитровскэ районым и курортхэм.

Рейтингыр зэхалъхьащ зыгъэпсэхуакІуэхэм зэрахэуІущІыхьам къырикІуахэм ялъ иткІэ. ЗэупщІащэм ящыщу щымахуэ зыгъэпсэхуІэу къыхах: процент 24-м Розэ Хутор (Сочэ) курортыр, процент 19-м Іуащхьэмахуэ лъапэ и курортыр, процент 8-м Москва къалэм и Іэшэлъашэм щыІэ Дмитровскэ курортыр.

ТекІуэныгъэм дыхуэзыша лъэбакъуэ 1418-рэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым къызэритамкІэ, Урысей Федерацэм Зыхъумэжыныгъэмкіэ и министерствэм зэхилъхьащ «Фэеплъым и гъэгуанэ» проектыр. Ар зыхуэунэтІар зауэм и лъэхъэнэм фронтым Іута псоми ятеухуа хъыбархэмрэ сурэтхэмрэ зэхуэхьэсынырщ.

ДЭТХЭНЭ зыми щыгъуазэ зызыхуищыІыфыну хъыбархэр зэхуэхьэсыныр Зыхъумэжыныгъэмкіэ министерствэм еунэтІ. Лэжьыгъэхэр къэрал псом щокІуэкІ, архивхэм хэт тхыгъэхэмрэ документхэмрэ электрон Іэмэпсымэхэм ирилъхьэн папщІэ бжыгъэ зэхэлъыкІэхэм хуагъакІуэ, псори Москва дэт лабораторэ щхьэхуэм зэхуехьэсыж.

Мы Іуэхур тхыдэ мыхьэнэ зиІэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэу увынущ. Абы и фІыщІэкІэ ялъэм дызыщыгъуазэу щымыта Іуэхуэхэр къыкъэкІынкІэ хъунущ. Проектым ипкъ иткІэ зы щыпІэм щызэхуэхьэса хъунущ фронтым Іутахэм, зыхъумэжыныгъэмкІэ предприятэхэм щылэжьахэм, партизанхэм, бийм къиухъуреихьа Ленинград къалэм дэсахэм, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм, фронтхэм щыІа корреспондентхэм я сурэту мелуанипщІхэр.

ТекІуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъум и щІыхькІэ Москва къалэм и щІыбкІэ щаухуэ Урысейм ІэщщкІэ зэщІэуэзэда и къарухэм я члисэ нэхъыщхьэр. Абы хиубыдэ гулереем щызэхуахьэсынущ Іэщэкіэ зэщІэуэзда къарухэм я Музей нэхъыщхьэм и хъумапІэхэм щІэлъ экспонату иджыри къэс ямыгъэлъэгъуахэр, сурэтхэр.

Мы лэжьыгъэшхуэм хэтыну хуей дэтхэнэми еэым и Іыхьлыхэм, благъэхэм ящыщу зауэм щыІахэм я сурэтхэмрэ абыхэм ятеухуа хъыбархэмрэ зэхуэхьэсынущ проектым и foto.pamyat-naroda и http://DOROGA.MIL.RU сайтхэм. Дэтхэнэ информацэми и тэмэмагъэр къапщытэжьынущ.

Хъыбарыр евгъэхьын папщІэ интернетыр къыфхуэмыгъэсэбэпмэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и пунктхэм, апхуэдэу фыщыпсэу районхэм щыІэ дзэ комиссариатхэм фекІуалІэ хъунущ. Абыхэм сурэтхэмрэ документхэмрэ зыхуей хуагъэззэнурэ къапватыжьнущ.

Накъыгъэм и 9-м ипэ кьихуэу яІэрыхьэну сурэтхэр хагъахьэнущ «Іэщэкіэ зэщІэуэзэда къарухэм я члисэ нэхъыщхьэр щауху «Патриот» партым и щІыналъэм къыщызэІуахыну мемориал комплексым. Ауэ зауэм хэтахэм ятеухуа хъыбархэмрэ сурэтхэмрэ зэхуэхьэсыныр абдеж щызэфІэкІынукъым. А проектыр зэман кІыхьым тещІыхьащ, сыту жыпІэмэ Хэку зауэшхуэм хэта псоми я лъэужьхэр къэхутэжьын хуейщ.

«Зауэр иухащ. ФІэхъус, си къуажэ!»

Къардэн Къубатий

Хэку дахэм хамэр къефыгъуэрт,
Гъунэгъуэйр къуентхъым зэдеблэрт,
Зауэр яублэм, гъатхэпэ щыблэти, хэуэрт,
Къардэным и къуэу ди Къубатий пхъэшакъуэт.
ЗиІэтым, уэгум ит бгъэшхуэти, мэзеплъэ,
Зигъэлъахьшэм, итыльдж забзэти, мэзеуэ,
Зауэм щхьэщыхьэм, бийр игъэгъзт,
И бомбэ хьэлъэр дзэжьхэм яхидзэт,
ЯІуридзэхэуэрэ фронт тІуащІэр
ЛІы гуащІэм щІещыкІ,
КъыщекІуэкІыжкІэ танкыжь зыбжанэри
МафІэлыгъейкІэ къигъэст.
Аэродромхэм Іуэсырти мафІэсыр,
Биидзэ бзаджэхэм нахидзэт.
Щэуэрэ кьадзымкІи мыгужджэ,
Ириджэгуэхуэрэ мэзауэ,
Илъэсиплі зауэр хэщащІым
Зы сыхьэтиплі хэмыш,
Зы махуэ ябгъэ къимыщ,
Щытхъуу къэпхьари хэхъуэшхуэщ,
Арысеишхуэм ращъхьэпэт,
Къэбэрдей напэри бгъэбжьыфІэт,
Уи щІадзэфІагъэми хогъахъуэ,
ЩІэблэу ящІэхъуэр тхуэбгъасэу
Илъэс зыбжанэр угъащІэ.
УІэгъэ ини къыщащІы
ЩІыІэтехьэгъуэ фІэмыщІ,
ЗыфІимыгъэщІуи мэзауэ
Къардэн и къуэу ди Къубатий.

ХЬЭХЪУПАЩІЭ Амырхан.

Къалащхьэм щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ и советым и зи чэзу сессие екІуэкІащ

Абы щытепсэльыхьащ Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и зэхэлыкІэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм. Къэшта унафэм ипкъ иткІэ, муниципалитетым мыпхуэдэ Іэнатіэхэр къыщыІэзэрагъэпэщ:

Капитальнэ ухуэныгъэмкІэ управленэ. Абы и къалэнхэм хеубыдэ социальнэ, щэнхабзэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущ ящІыІуэ щыта Іэнатіэхэр. ЩІэуэ къызэІуаха департаментым и пащэ дэпьынущ къалэм и псэупІэ фондыр зехьэныр, апхуэдэу псэупІэ кхъахэхэм щІэсхэр къыщІэгъэІэпхъыкІынымкІэ программэхэр зэблэгъэкІынырщ.

Гъуэгу хозяйствэмрэ къалэр зэІуэпэщ щІынымкІэ департамент. А Іэнатіэм ирагъэбыдыІащ коммунальнэ хозяйствэмрэ къалэ округыр зэІуэпэщ щІынымрэ пыщІа Іуэхуэхэр дэгъэкІынымкІэ полномочиехэр.

Налшык къалэ округым и пресс-Іуэхущ Іанэ.

Къэпщытэныгъэхэм къахохъуэ

● Узыншагъэ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм къигъэлъэгъуащ ФІэкІынІэ зимыІэ медицинэ страховани и мылъкукІэ 2020 гъэм щІыхуэхэм ирагъэщІыфыну гъэсэшхуэ зыхуэзэ медицинэ къэпщытэныгъэхэр. Абы хохьэ КТ-р, МРТ-р, УЗИ лэуэжьыгъуэ зэхуэмыдэхэр, узыфэ щхьэхуэхэм епха лабораторэ къэхутэныгъэхэр. Псори зэхэту Іуэхум текІуэдэнущ сом мини 189-рэ.

ПРОГРАММЭР ягъэззэщІэнущ узыр къызэрахутэ иджыдэй Іэмэпсымэхэмкіэ къызэгъэпэщащэ лажьэ къэрал, уней медицинэ Іуэхущ Іанэхэм.

Уасэшхуэ зыхуэзэ медицинэ къэпщытэныгъэхэр пщІэншэу зыхуащІынухэр къыхэзыхнур сымаджэр щыпсэу щІыпІэм щыІэ поликлиникэхэм епхаэу лажьэ дохутыр комиссэхэрщ.

- Блэкіа илъэсым елъытауэ, нэхъыбэ хьуащ мы гъэм ирагъэкІуэкІыну къэпщытэныгъэхэм я бжыгъэр. Псальэм папщІэ, абы хагъэхьащ лыих узыфэр нэхъ пасэу къызэрахутэ Іэмалыщ Іэхэр, апхуэдэу КТ, МРТ, гу-лъынтхуэ узыфэхэм епха УЗИ къэпщытэныгъэхэми къахэхъуащ. Абы и фІыгъэкІэ Іэмал диІэнущ узыфэ шынагъуэхэр и чэзум къэтхутэну икІи хэмытІасу деІэзэну, - жиІащ КъБР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министр Къалэбатэ Рустам.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

● Прохладнэ къалэ

Утыку йохьэ

Прохладнэ къалэр жыджэру хэтщ 2020 гъэм къриубыдэу щІыпІэхэм я теплъэр егъэфІэкІуэным теуха проект нэхъыфІхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэм.

ДИЗАЙН проектхэр гъэхьэзырырыныкІэ къызэрагъэпэща гуп щхьэхуэм хагъэхьащ зи Іэщіагъэм хуэІэижь архитекторхэр, а Іэщіагъэм дихьэхыу хуеджэ студентхэр, «Ярус» фІэщыгъэм щІэту лажьэ гупым я Іэдакъэ къыщІэкІащ щыхубэ зэхуэсыпІэхэр, лъэс зекІуапІэхэр, зыгъэпсэхупІэ паркхэр гъэщІэрэщІэныкъэ зэІуэпэщ щыныкъэ ехьэлІа лэжьыгъэ куэд. Аэзр апхуэдэу йолэжь щэнхабзэ, тхыдэ фэеплъ щыпІэхэр къэгъэщІэрэщІэжьыным, щІыуэпсыр хъумэным тегъэщІа унэтІыныгъэхэми къыпакІухьыркъым.

Мы Іуэхум теухуауэ къызэрагъэпэща комиссэм хэтхэр ялъэщІыкІэ проектхэм хопльэри, псори зэдзарэзыуэ зэлэжьыну объектхэр ягъэбелджылы. Апхуэдэу къыхахащ Ленинымрэ Гагаринымрэ я Зэрам зэхэкІыпІэмрэ абы къыбгъурылъ «Фэеплъ лъэс зекІуапІэмрэ». «Ярусым» хэт Іэщіагъэлхэм а щІыпІэхэм щІэрыщІагъ халъхьэнущ.

Архитекторхэм я зэфІэкІ псори ирахьэлІэ иджыдэй дунейпсо мардэхэм тету Іуэхур кърахьэлІэным. Лэжьыгъэр зэрекІуэкІым щыкІэлъыплъ Интернет-напэкІуэцІи къызэІуахащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мазаем и 13, *махуэку*

♦Радиом и дунейпсо махуэщ

♦1830 гъэм дунейм кьытехьащ Урысей кьэралыгъуэм и законкэр щызэхуэхьэса тхыпІэкъэр. Ахэр том 45-рэ хъурт.

♦1842 гъэм урысей пащтыхь Николай Еэанэм Санкт-Петербург - Москва гъущІ гъуэгур ухуэным теуха унафэм Іэ щІидзащ. ЗэрагъэхьыбарыжьмкІэ, а гъуэгур зыхуэдэнур картэм щыщІритхъэм, Николай иІыгъ къэрэндащІэр тхьылъымпІэм телъ и Іэпэм жьэхуэри, ар къытехьыхьащ. Лэжьакіуэ жьІэдаІуэхэм а щІыпІэм деж, апхуэдэ дыдэу, къэгъэшыпІэ иІэу ящІауэ щытауи жаІэж. А гъуэгум ар езыгъэщІа пащтыхьым и цІэр зэрихьэу щытащ 1923 гъэ пщІондэ, иужькІэ Октябрьскэ цІэр фІащащ.

♦1859 гъэм Москва ялъэ цІыхубэ гимназие къыщыззІуахащ.

♦1895 гъэм дунейпсо кинематографым и лъабжьэр ягъэтІылъащ - Люмьер зэхъуэшхуэ Луирэ Огюстрэ ящІа, кино зэрытрах ялъэ аппаратым и патент къратащ.

♦1924 гъэм РСФСР-м хьэхуэ къызэрагъэпэщащ Ипщэ-КъуэкІыпІэ областыр. Иджыпсту ар Ставрополь щІыналъэрщ.

♦1934 гъэм «Челюскин» совет кхъухьэр мылхэм зэхэкъутащ икІи Ищхьэрэ Мылылъэ хым щыщІилъэфащ.

♦1943 гъэм совет зауэлІ-альпинистхэр Іуащхьэмахуэ и щыгум дэкІащ икІи, нэмыцэхэм абы щагъэува я бэракъхэр кьрадзыхьыжри, СССР-м и ныпыр щагъэувыжащ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Венгриием и кьалащхьэ Будапешт нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм кьыІэщІагъэкІыжащ.

♦1972 гъэм зэхуащІыжащ Японием и Саппоро къалэм щызэхэта XI ЩІымахуэ Олимпиадэр.

♦1980 гъэм США-м щыІ Лейк-Плэсид къалэм къыщызэІуахащ XIII ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр. Олимпиадэр мазаем и 24-м зэхуащІыжащ.

♦1988 гъэм Калгари (Канадэ) къыщызэІуахащ XV ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр. Абы щыгъуэщ фристайл, шорт-трек спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ ялъэ олимп зэпеуэхэр щекІуэкІар. Олимпиадэр мазаем и 28-м зэхуащІыжащ.

♦Урыс тхакІуэшхуэ **Крылов Иван** къызэралъхурэ илъэс 251-рэ ирокъу.

♦Кавказым и тхыдэр зыджа, адыгэхэм куэдрэ ятетхьыхьа, жьлагъуэ лэжьакІуэ **Щербинэ Фёдор** къызэралъхурэ илъэси 171-рэ ирокъу.

♦Урыс уэрэджьІакІуэ цІэрыІуэ, Совет къэралыгъуэм и ялъ цІыхубэ артист **Шаляпин Фёдор** къызэралъхурэ илъэси 147-рэ ирокъу.

♦Урыс актёр, режиссёр, театрым и къызэрэпэщакІуэ (иджы абы и цІэр зэрехьэ) **Вахтангов Евгений** къызэралъхурэ илъэси 137-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, политик **Льостэн Чэлимэт** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Гъыдэ Валерэ** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦СССР-м щІыхь зиІэ и тренер, УФ-м гъэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тарасовэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, Адыгэ Республикэм и лъэпкъ театрым и художественнэ унафэщІ, УФ-м и цІыхубэ артист **Кукэнэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 70-рэ ирокъу.

♦Израильым щыпсэуа дзэ къулыкъущІэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, Рихьэние къуажэм щыІэ Адыгэ музейм и унафэщІу щыта **Хьун Щэуэкъуий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уафаэу щыщытынущ. Мазаем и хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щІыІэр градуси 4 щыхьэнущ.

Мазаем и 14, *мэрем*

♦Зэгъэкіуаэм я дунейпсо махуэщ

♦Тхьылъэр саугъэт щІыным и дунейпсо махуэщ

♦Компьютерэр зэпкърызылъхьэхэм, ахэр зэтезыухуэхэм я махуэщ

♦1918 гъэм «ЛэжьакІуэхэмрэ мэкъумэшыщІэхэмрэ я социалистическэ Флот Плъыжьым теухуауэ» унафэр ЦІыхубэ комиссархэм я советым кьыдигъэкІащ. СССР-м и Дзэ-Тенджыз Флотыр кьыщызэрагъэпэща махуэу ягъэльапІэу щытащ.

♦1918 гъэм Совет Урысейр григориан махуэгъэпсым техьащ.

♦1943 гъэм советыдзэхэм Ворошиловград, Дон Іус Ростов къалэхэр фашистхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1945 гъэм США-м и къэхъулъатэхэм Прагэ къалэм лагъымкІэ щрадзыхащ. Іуэхур зэхагъэкІа ноужь наІуэ къызэрыхъуамкІэ, къхъухьлъатэхэр здэкІуэр Дрезден къалэрт, ауэ гъуащэри, Прагэ щхьэщыхьауэ арат. Абы щыгъуэ мамыру псэу щІыху 701-рэ зэкІуэдахащ. Іуэхур зэхагъэкІа ноужь щытащ.

♦1952 гъэм Норвегием и кьалащхьэ Осло къыщыщІэІуахащ VI ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр мазаем и 25 пщІондэ екІуэкІащ.

♦1988 гъэм Ленинград ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и библиотекэм мафІэсыщхуэ дыдэ къыщыхъуащ. Абы хисхьауэ щытащ тхьылъ мелуаниплІ.

♦2005 гъэм иджыпсту щІыху куэд дыдэм къагъэсэбэп хъуа YouTube сервисыр къызэрагъэпэщащ.

♦Кавказым и тхыдэжь, адыгэхэм куэдрэ ятетхьыха генерал-лейтенант **Потто Василий** къызэралъхурэ илъэси 184-рэ ирокъу.

♦Франджы сурэтыщІ цІэрыІуэ **Моне Клод** къызэралъхурэ илъэси 180-рэ ирокъу.

♦Урысей еджагъэшхуэ, физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Капицэ Сергей** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, 1997 - 2000 гъэхэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Акъбащ Борис** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦УэрэджьІакІуэ цІэрыІуэ, дунейпсо зэпеуэ куэдым я лауреату щыта **Герман Аннэ** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, кинорежиссёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Ерёменкэ Николай** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.

♦КъБР-м промышленностымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, политик **Атэлыкъ Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 69-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Къэрал Думэм и депутат, «Захуагъэ зэдэщыІэ Урысей» фракцэм и унафэщІ **Мироновэ Сергей** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Батыр Умар** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦«Советская молодежь» газетым жэуап зыхь и секретарь, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Къардэн Маринэ** къыщалъхуа мазэуэ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаэу щыщытынущ. Мазэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щІыІэр градуси 8 - 7 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Къалэм щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ и советым и зи чэзу сессие екІуэкІащ

Абы щытепсэльыхьащ Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и зэхэлыкІэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм. Къэшта унафэм ипкъ иткІэ, муниципалитетым мыпхуэдэ Іэнатіэхэр къыщыззэрагъэпэщ:

Капитальнэ ухуэныгъэмкІэ управленэ. Абы и къалэнхэм хеубыдэ социальнэ, щэнхабзэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущ ящІыІуэ щыта Іэнатіэхэр. ЩІэуэ къызэІуаха департаментым и пащэ дэпьынущ къалэм и псэупІэ фондыр зехьэныр, апхуэдэу псэупІэ кхъахэхэм щІэсхэр къыщІэгъэІэпхъыкІынымкІэ программэхэр зэблэгъэкІынырщ.

Гъуэгу хозяйствэмрэ къалэр зэІуэпэщ щІынымкІэ департамент. А Іэнатіэм ирагъэбыдыІащ коммунальнэ хозяйствэмрэ къалэ округыр зэІуэпэщ щІынымрэ пыщІа Іуэхуэхэр дэгъэкІынымкІэ полномочиехэр.

Налшык къалэ округым и пресс-Іуэхущ Іанэ.

Къэпщытэныгъэхэм къахохъуэ

● Узыншагъэ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм къигъэлъэгъуащ ФІэкІынІэ зимыІэ медицинэ страховани и мылъкукІэ 2020 гъэм щІыхуэхэм ирагъэщІыфыну къэпщытэныгъэхэр. Абы хохьэ КТ-р, МРТ-р, УЗИ лэуэжьыгъуэ зэхуэмыдэхэр, узыфэ щхьэхуэхэм епха лабораторэ къэхутэныгъэхэр. Псори зэхэту Іуэхум текІуэдэнущ сом мини 189-рэ.

ПРОГРАММЭР ягъэззэщІэнущ узыр къызэрахутэ иджыдэй Іэмэпсымэхэмкіэ къызэгъэпэщащэ лажьэ къэрал, уней медицинэ Іуэхущ Іанэхэм.

Уасэшхуэ зыхуэзэ медицинэ къэпщытэныгъэхэр пщІэншэу зыхуащІынухэр къыхэзыхнур сымаджэр щыпсэу щІыпІэм щыІэ поликлиникэхэм епхаэу лажьэ дохутыр комиссэхэрщ.

- Блэкіа илъэсым елъытауэ, нэхъыбэ хьуащ мы гъэм ирагъэкІуэкІыну къэпщытэныгъэхэм я бжыгъэр. Псальэм папщІэ, абы хагъэхьащ лыих узыфэр нэхъ пасэу къызэрахутэ Іэмалыщ Іэхэр, апхуэдэу КТ, МРТ, гу-лъынтхуэ узыфэхэм епха УЗИ къэпщытэныгъэхэми къахэхъуащ. Абы и фІыгъэкІэ Іэмал диІэнущ узыфэ шынагъуэхэр и чэзум къэтхутэну икІи хэмытІасу деІэзэну, - жиІащ КъБР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и министр Къалэбатэ Рустам.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

Урысей Федерацэм и Кубокым щІэбэнхэр

● Бгы-лыжэ

Іуащхьэмахуэ лъапэ щызэфІэкІащ бгы-лыжэ спортымкІэ Урысей Федерацэм и Кубокыр къхъыным екьэлІа зэхьэзэхуэм и еплІанэ, етхуанэ Іыхьэхэр. Абы хэтыну Терскол къыщыызэхуэсат къэралым и щІыналъэ 14-м къикІа спортсмен 74-рэ.

МОСКВА, Санкт-Петербург къалэхэм, Ленинград, Москва, Киров, Мурманск, Красноярск, Кемеровэ, Челябинск областхэм, Краснодар, Камчатскэ, Алтай крайхэм, Сахалиным, Тэтэрстан республикэм къикІахэр мазаем и 6-м щыщІэдзауэ махуищкІэ Урысей Федерацэм и Кубокым и еплІанэ, етхуанэ Іыхьэхэм щызэнекьуэкьуащ.

Зэхъэзэхуэр зэфІэкІа иужькІэ зэхэта гуфІэгъуэ зэІущІэм фІэхъус псалъэхэр спортсменхэм щыхужаІащ Іуащхьэмахуэ щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Атакуев Р., «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» АО-м и унафэщІым и цІэр-зэ Толбатов А., КъБР-м Спортымкіэ и министерствэмрэ Олимп советымрэ я лІыкІуэ Заруцкий А., Лыжэмкіэ дунейпсо федерацэм къикІа Эдер Петер, Къэбэрдей-Балъкъэрым Бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымкІэ и федерацэм и тхьэмадэ, «Іуащхьэмахуэ курорт» АО-м и унафэщІ Беккаев Хь. сымэ.

ЦІыхухъуэмрэ щІыхубзэмрэ щхьэхуэу ирагъэкІуэкІа зэпеуэм щытекІуэхэмрэ къыщыхэжаныкІахэмрэ дамыгъэ лъапІэхэр абыхэм иратыжащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и саугъэт щхьэхуэр хуагъэфэщащ командэ нэхъыфІым. Ар Москва къалэм ейм лысащ.

И унафэм щІэт «Іуащхьэмахуэ курорт» АО-м и лІыкІуэхэу Европэм фрирайдымкІэ и зэхьэзэхуэм екъуІэныгъэ щызыІэрызыгъэхьа Нэхущ Сэлимрэ Хъущокъуэ Идрисрэ Беккаевым зэІущІэм къыщыхигъэщхьэхуКІащ икІи щытхъу тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ яхуигъэфэщащ.

ХЬЭТАУИслъам.

Лъэпкъ Іущыгъэ:
Нэмысыр лъэІукІэ къахьыркъым.

● Дифі догъэлъапіэ

Апхуэдэщ ЕхъулІэ Мартин

Лъэпкъ щІэныгъэлі пажэ, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэныгъэмкІэ щЫхь зиІэ лэжьакІуэ ЕхъулІэ Мартин ящыщщ зи зэфІэкІ лъагэмрэ щІэныгъэ куумрэ мэкъумэш щІэныгъэм и зыужьныгъэм тыхь хуэзыщІахэм. Адыгэлі щыпкъэм и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 65-рэ ирикъуащ. Абы щыщу 42-р ЕхъулІэм хуигъэпсащ щІэныгъэ-къэхутэныгъэмрэ егъэджэныгъэ лэжьыгъэмрэ.

МАРТИН къыщалъхуари и сабиигъуэ-щІалэгъуэр щигъэкІуари Малка жьлэращ. Къуажэ курыт школыр нэхъыфІхэм ящыщу 1972 гъэм къиуха нэужь, КъБКъУ-м и инженерэтехникэ къудамэм щІэтІысхьащ. Абы щыщІэса илъэсхэм ар егупсу, эьхэтым фІыкІэ кьахэщу еджащ, щІэныгъэфІи зриГъэгъуэтащ. 1977 гъэм диплом лъыжьыр къыІэрихьажэ нэужь, Москва дэт станкоинструментальнэ институтым стажёр-кьэхутакІуэу ягъэкІуащ. А щІыпІэм щригъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр лъабжьэ хуэхъуащ «Технология машиностроения, металлорежущие станки и инструменты» щІэныгъэ диссертацэм. 1982 гъэм кандидат лэжьыгъэр пхигъэкІри, ЕхъулІэм Налшык къигъэзэжащ икІи 1983 гъэм щыщщІэдзауэ нобэр кьыздэсым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щолажьэ. А зэманым къриубыдэу абы Іэнатіэ зыбжанэ ирихьэкІащ: егъэджакІуэу, кафедрэм и асистенту, иужьыІуэкІэ и унафэщІу, КъБКъУ-м и Политехникэ къудамэм и унафэщІу лэжьащ. Нобэ ЕхъулІэ Мартин еджапІэ нэхъыщхьэм и инженер-техникэ факультетым и зы кафедрэм и унафэщІщ.

Мы зэманым Мартин инженер Іэщ1агъэм хурегъаджэ бакалаврэри, магистрхэри, аспирантхэри. Машинэ зэмылІэужьыгьуэхэр кьыщІэтэгьэкІыным Іэмалыщ1эхэр ёхьэлІэным, конструктор-технологическэм теухуащ щІэныгъэлІым иригъэкІуэкІ курсхэр. Сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрытами, ар и гуащІэ еблэжакъым, зэманым къигъэув егъэджэкІэщІэхэр щІыхь-хэм зэрахипщэным яужь итщ, лэжьыгъэ зэтеубгькІэр щІэщыгъуэ, нэхъри купщІафІэ ищІын хузэфІокІ.

Зэрыщ1эныгъэлІ гуащІафІэм, къэхутакІуэ Іэкіуэльакіуэм и щІыхьэтщ УФ-м ЩІэныгъэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэмкІэ и министерствэмрэ ЩІэныгъэ-къэхутэныгъэ фондымрэ я грант зыбжанэ ЕхъулІэр я унафэщІу къызэрахьар. Абы и Іуэху зехьэкІэм, бгъэдэль щІэныгъэ куум, хэлъ жьыдэрэгьым я фІыгъэкІэ хузэфІэкІащ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр иригъэкІуэкІыну. Ахэр я лъабжьэу 2002 гъэм ЕхъулІэм доктор диссертацэр пхигъэкІащ. ЩІэныгъэлІым и кьалэмыпэм къыпыкІащ тхылъ куэд: щІэныгъэ лэжьыгъэу 190-м нэс, абыхэм ящыщу 40-р зэреджэ тхылъ-рэ методикэ чэнджащ щхьэпэхэр зэрыт брошюрэхэщ. Адрейхэр щІэныгъэ журналхэм, газетхэм кьытехуа тхыгъэ щхьэхуэщ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ ЕхъулІэм и ужь и дежьэ апхуэдизэ Іуэхуэр кьалэну, лэжьыгъэу зэрыщымытыр - ар щІэныгъэлІым и дуней тетыкІэщ, и псэукІэщ. ГъащІэм, щІэныгъэм, жылагъуэ Іуэхуэхэм апхуэдэу жьыдэру хэт цІыхум и ІуэхущІафэхэм хуэфащэ пщІэрэ гулъытэрэ егъуэт. ЕхъулІэ Мартин кьыхуагъэфащащ студентхэм я щІэныгъэ лэжьыгъэм и зэхэубгьакІуэ Іэзэу зэрыщытым папщІэ УФ-м ЩІэныгъэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэмкІэ и Министерствэм и диплом; КъБР-м и Парламентым, ПромышленностымкІэ и министерствэм, Налшык къалэ администрацэм я щыхь тхылъхэр.

ЕхъулІэр щІэныгъэлІ, егъэджакІуэ къудейкъым, атІэ щІэбгьэлэм я гъэсакІуэ Іэзэщ. ЩІалэгъуалэм я зэфІэкІхэм зегъэужьыным мыхьэнэщхуэ зэриІэм и гугъу щищІкІэ, щІэныгъэлІым гу лъетэ я Іуэхугъуэм мылъкурэ кьарууэ пхузэфІэкІыр хэпІъхьэн зэрыхуэйр икІи кьыхегъащ иужь зэманым кьэралым абы гульытэщхэз зэрыхуищІыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым и инженер-техникэ факультетыр кьызэрызэІухэрэ мы гъэм илъэс 60 ирокъу. Абы щрагъэгъуэт Іэщ1агъэхэм я пщІэр 80 бзэхэм ехуэхыу щІидзат, ауэ 90 гъэхэм компьютер технологиехэр зэщІагъэдж къудамэр хагъэхьа нэужь, щІалэгъуалэр нэхъыбэу дихьэхыу щІидзэжащ инженер Іэщ1агъэм. Мартин зэрыжиІэмкІэ, абы зиужьыныр Іэзэгъуэу куэдым ельытащ. Псом нэхъыщхьэр - ар кьыздагъэсёбэпын Іэнатіэхэр щІыналъэм щагъэутын хуейщ. Мы зэманым апхуэдэ Іэщ1агъэлІэхэр ди щІыпІэхэми лэжьапІэ щагъэув, кьалэщхуэхэми щІэупщІэ щаІэщ.

ЕхъулІэм гуапэу игу кьегъэкІыж Малкэ зыщеджа школыр, и егъэджакІуэхэр. Щэч хэмылъу, щІалэр щІэныгъэм дихьэхыным зи гуащІэ хэзылъхьар, япэрауэ, еджапІэщ.

- Школ музейр си сабиигъуэ гукъэкІыжхэм я нэхъыфІхэм ящыщщ, икІи ар зи фІыщІэр егъэджакІуэ хьэлэмэт Скрипниковэ Екатеринэт. ГеографиемкІэ абы и дерсхэм апхуэдизкІэ дыдихьэхьрти, зыплъыхьакІуэ дыщыІэу кьытщигъэхьарт, - игу кьегъэкІыж ЕхъулІэм. - Абы и гулъжьейм и фІыгъэкІэ щІэблэ зыбжанэ хэкупсу школыр кьаурри, гъащІэ гъэгуанэ бгъуфІэм теувахэщ. Илъэс 50-м нэскІэ лэжьа гупжьейр лъабжьэ хуэхъуащ школ музейм икІи нобэми лъэпкъым кьыхуэщхьэпэ зэпытщ.

ЕхъулІэр нэхъыбэу зыгъэпІейтейхэм ящыщщ лъэпкъым и тхыдэр, анэдэлъхубзэр щІэблэм егъэщІэн зэрыхуейр, дэнэ щыІэми и лъэпкъ хабзэр адыгэм щыгъупщэн зэрыхуэмейр.

- ЩІэблэм и дежкІэ дызэрыт зэманыр куэдкІэ нэхъ гугъущ, ез сыкьыцызыхъыкІа лъэхъэнэм нэхъри. Диплом лъыжькІэ университетыр кьэзыхуам иджыпсту лэжьыгъэ Іэнатіэ имыгъэту и щхьэр зэрехьэри дагъэ.

Апхуэдиз ехьулІэныгъэфІ зиІэ щІэныгъэлІ щыпкъэм и щІыбагъ унагъуэ дахи кьыдэтщ. И щхьэгъусэ Марианнэ физикэ-математикэ щІэныгъэхэм я кандидатщ, КъБКъУ-м и кьудамэхэм языхэзым щрегъаджэ. И щІалэ Умар Москва дэт Бауманым и цІэр зезыхьэ Техникэ къэрал университетыр къиухащ, медицинэ робототехникэ Іэщ1агъэм ядалащхьэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зым щролажьэ. ИпхъУ Залинэ КъБКъУ-р къиухауэ КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбжь и палатэм щыІэщ.

ЩОДЖЭН Іэминат.

75 Эскадроным и командир

1939 гъэм и фокІадэм къэхъуар Белоруссием и тхыдэм дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхугъуэт. ЗалымыгъэкІэ зэбграхуа цІыхубзр зэкъуэт ищІыжат абыхэм я щхьэхуитныгъэм щІэзэуа Дзэ Плъыжьым. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэр захуэт, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, псоми ар къагурыІуэркъым.

ЗАУЭ Іуэхум зыхуэгъэхьэзырным Совет Союзым щыщІадзат 1939 гъэм и фокІадэм ипэжкІэ. А лъэхъэнэм щытыкІэр дуней псоми щыгугъут.

Балъкъыз Хьэсэнбий дзэм ираджащ къыщалъхуа Аруан районым и воеккоматым. Хэку зауэшхуэм и пэ махуэм щегъэжьауэ ар псэемыблэжу нэмыщэ зэрыпхъуакІуэхэм ялэщІэтащ.

1941 гъэм и фокІадэм Балъкъызыр щІагъэтІысхьащ Тбилиси щыІэ дзэ унафэщІ гупым и курсхэм. Ар ехьулІэныгъэкІэ къиуха нэужь, Хьэсэнбий 816-нэ фочауэ гупым и шу ту тІасхъэщІэхэм я Іэтащхьэу ягъэуващ. А зэманым полкыр Тамань хьитІыгу ныкъуэм щыІэт. 1941 гъэм дыгъэгъаэм и 26-м, жэщу, Хьэсэнбий и дзэр щыгъуу, Керчь хьитІыгу ныкъуэмрэ Феодосиерэ щитІысыкІри, зэхэуэ гуащІэхэм хэтащ.

1942 гъэм и накъыгъэм къыщыщІэдзауэ 1943 гъэм и шыщхьэпІу пщІондэ 4-нэ гвардие шу мотомеханизированнэ корпусым и 12-нэ гупым и штабым и унафэщІым и дзэпІкъуэгъуу Балъкъызыр щыташ. Пейтенант нэхъыжь щІэр иІэу, абы и унафэм щІэтащ 4-нэ гвардие шу полкым хэт сэшхуэ эскадроныр. Ар щыгъуащ Румыныр Венгриемрэ щхьэхуит къэзыщІыжахэм. Куэдрэ уІэгъэ къащІащ, ауэ сыт щыгъуи и гуащІэ емыблэжу зауэ Іэнатіэм пэрыувжырт.

Запасым щыІэ полковник Сэдджыхь Хьэзрэтбий ЕмейкъуапІэ къыщыдигъэкІа «Адыгейский полк я боях за Советскую Родину» тхыльым къыщыІуэтащ Балъкъызыр Словакием щыІэу зыхэта зэхэуэ нэхъ гугъуэм языхэз: «Жэуаплныигъэ ин зыпыль къалэн и пщэ далъхьат лейтенант нэхъыжь Балъкъыз Хьэсэнбий, зи эскадроныр полкым я нэхъ пашэу щытым... Сенищэ гарнизониым и комендантри яхэту, абыхэм я пащэ нэмыщэхэр полкым кьахуат. Кьуентхъ папщІэу къэзакъэм абы щыгъуэм кьаІэрыхьащ танк. «Дэ мурад тщІащ а танкымкІэ кьалэм дыдыхьэу бийм я тІасхъэр зэдгъэщІэну. Апхуэдэ тегушхуэныгъэкІэ эскадрон ещанэм щхьэхуит кьыщыжащ Сенищэ кьалэр», - жиІэжащ иужькІэ езы Балъкъызым. Гупым зэрахьа лІыгъэм кьыпэкІуэу, лейтенант нэхъыжь Балъкъыз Хьэсэнбий Вагъуэ Плъыжь орденыр кьраташ».

1942 гъэм и бадзэуэгъуэм нэмыщэ зэрыпхъуакІуэхэм яунэтІащ КавказымкІэ. Дзэхэм унафэ хуащІащ бийр ПІуэпсы бгъэдамыгъэхьэну. Абы щыгъуэм Балъкъызыр бгым дэкІыным хуеджэну курсхэм ягъэкІуат. ЕджапІэм кьикІыжа нэужь, абы зауэлІхэр хуигъэсащ къуршхэм зауэ хуэІуэхущІэхэр зэрыщагъэкІуэкІыну Іэмалхэм. Абы мыхьэнэщхуэ иІэт, Кавказ Адырыщым бийр кІуэцІрымыкІын щхьэкІэ.

1942 гъэм шыщхьэпІум ПІуэпсы лъэныкъуэмкІэ ди дзэхэр бийм гуащІэу щыпэщІэту хуежьащ икІи зэрыщрагъэжьащ «Антарес»-м. Мазаем и 10-м щІидзащ химие-биологие унэтІныныгъэмкІэ зи щІэныгъэм хэзыгъахъуэ сабиийхэм я еджэныгъэхэр. Нэхъапэ Іуэхущ, илъэс кІуам и дыгъэгъаэм и кІэухым, абы щыІащ физикэм, математикэм дахьэх ныбжьыщІэ 250-м нэс. Сабий зэпхыфІэхэм зэрадэлэжьапхъэ программэ хэхахэм тету кьызэгъэпэщащ Іуэхур.

КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэмкІэ, Щэнхабзэмкіэ, Спортымкіэ и министерствэхэм я нэІэм щІэту лажьэ щегъэнаІуэ ЕкІуалІэр 6-10-нэ классхэм я еджакІуэхэращ. Абыхэм я нэхъыбапІэр ди республикэм и къуажэхэм дэт курыт школхэм я гъэсэнщ.

ТАМБИЙ Линэ.

зэрыпхъуакІуэхэм я къебгъэрыкІуэныгъэр кьызэтрагъэувыІащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Кавказ Ищхьэрэм кьизэрыхьа нэмыщэхэр Дзэ Плъыжьым ехьулІэныгъэ иІэу иригъэкІуэтын щІидзауэ щыташ 1943 гъэм и щІышылъэм икІи бийр ирахужащ.

1943 гъэм и щэкІуэгъуэм кьыщыщІэдзауэ эскадроным и командиру Балъкъызым кьулькьу здищІэ полкыр ЕплІанэ Украин фронтым хэтащ. Абы и лІыхъужьыгъэм кьыпэкІуащ Вагъуэ Плъыжь орденитІрэ медаль куэдрэ.

И дамыгъэхэр зэрыт зы тхылъымпІэм щытхащ: «1944 гъэм жэпуэгъуэм и 19-р кьыщихьэ жэщым Балъкъызыр зыхэт полкым унафэ кьыІэрыхьащ Дебреценэ кьалэм и кьуэкІыпІэ лъэныкъуэм иубыдыну. Лейтенант нэхъыжь Балъкъызым и жэрдэмкІэ, бийр щитІысыкІа щІыпІэм тІасхъэщІэх кІуащ. Эскадроным и командирым и унафэм тету, бийм я щІытІым ахэр щэхуу ебгъэрыкІуэри, зауэлІщ яубыдащ, 9-р ауклащ. «Бзэгу» кьахьам кьыпкъраха хьыбархэмкІэ полкыр нэхущым зэрыпхъуакІуэхэм ятеуащ. Топышэхэр кьаззрытелъалъэм хуэдэу, Балъкъызым зауэлІхэр тригъэгушхуэу езыр ялэ иту хахуэу кІуэцІрыкІырт. Адедежьм абы и лъакъуэм топышэ кьыщытехуэри, уІэгъэ хуащ. АрщхьэкІэ абы зауэлІхэр кьигъэнакъым, и эскадроныр и пэкІэ игъэкІуатэу зэхэуэм хэтащ. А зэхэуэм нэмыщэ зэрыпхъуакІуэу 35-рэ щащІащ, бийм я автомашинэ, мотоцикл тІурытІ кьагъэуащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ ди зауэлІхэм пашэныгъэр а зэхэуэм щаубыдащ».

Хэку зауэшхуэр щиуэм, Балъкъызыр Прагэ нэсат. Ар и къулькъум кьыпэрыкІыжащ 1946 гъэм и бадзэуэгъуэм икІи адэжь лъэхэм кьигъэзэжащ. Хьэсэнбий юрист Іэщ1агъэр зригъэгъуэтащ. ВКП (б)-м и обкомым и бюром 1949 гъэм щыщхьэуІум и 5-м кьыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ, ар ягъэкІуауэ щытащ Бахьсэн районым и прокурору. СССР-м и Прокурор Нэхъыщхьэм 1951 гъэм щІышылэм и 5-м Балъкъызым кьыхуигъэфэщащ 2-нэ класс зиІэ юрист цІэр.

Партым и Бахьсэн район комитетым и бюром и унафэкІэ 1952 гъэм мэлыжьхьыым и 30-м кьэпщытэныгъэ ирамыгъэкІуэкІауэ Балъкъызыр партым кьыхагъэхьыжри, и Іэнатіэм ІуагъэкІауэ щытащ. Абы и щхьэусыгуэу кьагъэлъэгъуар и кьулькъур кьигъэсёбэну «Трудовой горец» колхозым гуэдз кьызэрыихарт. Балъкъызым а Іуэхур зэхагъэкІыну щІэлъІури, партым и обкомым кьэпщытэныгъэхэр иригъэкІуэкІащ, ауэ зэрагъэкъуаншэм зыри и щыхьэт кьыщыщІэмыщым, унафэ кьащтар якъутэжащ. А зэманым ирихьэлІэуи Балъкъызыр ягъэкІуащ Нагорнэ районым и прокурору. СССР-м и Прокурор Нэхъыщхьэ Руденкэ 1953 гъэм щрКІуэгъуэм и 11-м къыдигъэкІа унафэмкІэ, Балъкъызым кьыхуагъэфэщащ 1-нэ класс зиІэ юрист цІэр. 1955 гъэм дыгъэгъаэм и 9-м Балъкъызыр Нагорнэ районым и прокурор кьулькъур щхьэщахьжащ, щыналъэр зэрауТІыпщыжам кьыхэкІыу. Абы и ужькІэ, Хьэсэнбий Бахьсэн районым и прокурорым и дэлэпкъуэгъуэу 1958 гъэ пщІондэ лэжьащ.

Апхуэдэ гъэунэхуныгъэ мытыншхэм пхыкІащ Хэку зауэшхуэм и ветеран Балъкъыз Хьэсэнбий. Нобэ абы и бынхэр (Владимир, Валерий, Заремэ сымэ) Налшык щопсэу, я адэм и лІыхъужьыгъэм и фэеплъыр яхуэмуэ.

СЭРАХЪЭ Александр,
УФ-м и Прокуратурэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, УФ-м и ТхакІуэхэм я зэгуэхьныгъэм хэт.

★★★ ★★★

Щауэ Данил и лІыгъэ

Мы тхыгъэр зытеухуа Щауэ Данил Хьуд и къуэр ипэжыпІэкІэ ящыщщ гъащІэ купщІафІэ къэзыгъэщІахэм, щалъхуа и лъахэм псэухукІэ Іуэхуфі хуэзылэжьахэм. Ар Кушмэзыкъуей къуажэм (Бахъсэн къалэм щыщ хъужа Старэ Крепость) 1897 гъэм гъатхэпэм и 1-м къыщалъхуащ.

ЯПЭ дунейпсо зауэм Урысейм и лъэныкъуэкІэ хэтащ ди щІыналъэм щызэхашауэ щыта Къэбэрдей шу полкри. А дзэм щалэщІэу хагъахьат Щауэ Хьуд и къуэхэу Хьэбалэрэ Данилрэ. Дэфтэрхэм кьызэрыхэщыжьмкІэ, ахэр ящыщщ, хахуагъэ кьагъэльагъуэу, империалист (кайзер) Германием и зауэлІхэм ерыщу ипэщІэтахэм.

Зауэр здекІуэкІым ди адыгэ щуэр Галицие щІыналъэм кьыщыщІидзат. Абдежьм лъэныкъуитІым щызэхаубла зэпэщІэувэныгъэ гуащІэм псэемыблэжу зэрыхэтам, лІыгъэшхуи зэрыщІэзэрахьам папщІэ, зэкъуэшитІым кьыхуагъэфэщат Георгий Щихьым и орденым и IV нагъыщэр.

Щалъхуа я лъахэм кьагъэзэжа нэужьи Хьэбалэрэ Данилрэ, лІыгъэжьыр зэрахьэу, яхэтащ Урысейм кьыщыхъеІ Октябрь революцІэ иныбжь абы кьыкІэлъыкІуа Граждан зауэмрэ я хэмэбжьыныгъ Къэбэрдейм щекІуэкІахэми (1917 - 20 гъэмэ).

Ауэрэ, Граждан зауэри ихащ. Щалъхуа жьлэжьым кьекІуэлІэжа Хьэбалэрэ Данилрэ, щхьэх жьихуІэр ямыщІэу, жьджэрагъи кьагъэльагъуэу, яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз хозяйствэр зэфІэзыгъэувэжахэм, иужькІи ди щІыналъэм социализмэр щыухуэным ерыщу яужь ихьахэм.

Ди тхыгъэр нэхъ зытедухуа Данил щхьэгъусэ хуэхъуауэ щытащ а къуажэм дэса ЛІыгъурхэ япхъу Дзадзу. А тІум къуищ яІащ: Мухьэмэд - 1928 гъэм, Хьэдис - 1932 гъэм, Іэхьед - 1936 гъэм кьалъхуащ. Мы тхыгъэр щыдгъэхьэзырым дэІэпыкъуэгъу кьытхуэхъуар Іэхьед и къуэ Анатолэщ.

Данил Къэбэрдей-Балъкъэрым гъащІэщІэ щыхуэным, щызэфІэгъэувэным хуэгъэпса и гуащІэзкІ лэжьыгъэр 20 гъэхэм щІидзащ. Механизаторхэр щагъэхьэзыру а лъэхъэнэм Кушмэзыкъуей (Старэ Крепость) дэта еджапІэр 1928 гъэм къиуха нэужь, зыхэт колхозым трактористу, абы кьыкІэлъыкІуэу комбайнёру илъэс зыбжанэкІэ ар щолажьэ. А Іэнатіэм кьыщигъэльэгъуа зэфІэкІым, къэрэгъэрым кьыпэкІуэу Щауэ Данил кьыфІащат СССР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и щІэкІэ ягъэува «МТС-м и комбайнёр нэхъыфІ» щІэ лъапІэр, а Іуэхум щыхьэт техъуэ нагъыщи кьыІэщІалъхьат.

Ауэрэ, зи Іэзагъэм зэпымыууэ хэзыгъахъуэ щІалэр механизатор цІэрыІуэ районым и мызакъуэу, республикэ псом щыхъуащ. Зэман дэкІри, Щауэ Данил Кавказ Ищхьэрэм нэхъ щыпашэ лэжьакІуэфІхэм халъытэ хъуащ.

Хэку зауэшхуэр кьыщыхъеІм, Данил къратащ фронтым зэрамыгъакІуэм щыхьэт техъуэ бронь. Абы кьыщыгъэлъэгъуат а лІым тылър зэрыхуэныкъуэр. Данил и пащэ ящыщ ди фронтым Іутхэри, зи кьару илъыгъуэхэр зыщхьэщапа мыдрей гуащІэрыпсэухэри гъавэкІэ кьызэгъэпэщын кьалэн мытынщыр. ИпэжыпІэкІэ, зэрытщІэщи, а лъэхъэнэм ари Іуэху цІыкІуфэкІуу щытакъым.

Къипсэуа илъэс 84-м кьриубыдэу (1981 гъэм накъыгъэм и 15-м ар дунейм ехыжащ), Щауэ Данил Хьуд и къуэр, зэрызэкІылъыкІуэм хуэдэу кьедбжэкІынщи, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ, абы ГуащІэдэкІым и Бэракъ Плъыжь орденыр 1952 гъэм, Лениным и цІэкІэ ягъэува орденыр 1957-м къратащ. Данил ящыщщ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩІыхь тхылъ зыхуагъэфащахэм. Ар 1956 гъэм ягъэкІуат СССР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и гъэлъэгъуэныгъэм. Абы щыгъуэ Данил кьратат «ЕДНХ-м и дыщ медаль» тыгъэ лъапІэр. Абы дэщыгъуащ «Ди къэралым социализмэр щыухуэным хуэгъэпса и лэжьыгъэм папщІэ» псалъэ гуапэхэр зэрыт тхылъ цІыкІури.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Антарес вагъуэм и нэхур

● ЩІэ

Егъэджэныгъэ Іэнатіэр егъэфІэкІуным теухуа къэралпсо проектхэм ябгъэ иткІэ, ди республикэм щокІуэкІ сабий зэчиифІэхэр наІуэ ящІыныим, абыхэм хэхауэ ядалэжьэным хуэгъэпса Іуэхугъуэ куэд. Абы хуэунэтІащ иджыблагъэ кьызэІуаха «Антарес» егъэджэныгъэ центрыр.

СКОРПИОН вагъуэбэм хэт вагъуэхэм я нэхъ нэху дыдэм и цІэр зыфІащ Іуэхущ1апІэм дызэрыт илъэсым и кІуэцІкІэ ныбжьыщІэ 500-м щадэлэжьэнущ. Апхуэдэ егъэджэныгъэ центру ди къэралым итыр пщІы къудейщ, ди республикэм къыщызэІуахари яхэту.

«ЩІэныгъэ», «Гъуэзджэ», «Спорт», нэгъуэщІ унэтІныныгъэхэмкІи сабийхэм зыщІрагъэужь «Антарес»-м. Мазаем и 10-м щІидзащ химие-биологие унэтІныныгъэмкІэ зи щІэныгъэм хэзыгъахъуэ сабийхэм я еджэныгъэхэр. Нэхъапэ ІуэхкІэ, илъэс кІуам и дыгъэгъаэм и кІэухым, абы щыІащ физикэм, математикэм дахьэх ныбжьыщІэ 250-м нэс. Сабий зэпхыфІэхэм зэрадэлэжьапхъэ программэ хэхахэм тету кьызэгъэпэщащ Іуэхур.

КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэмкІэ, Щэнхабзэмкіэ, Спортымкіэ и министерствэхэм я нэІэм щІэту лажьэ щегъэнаІуэ ЕкІуалІэр 6-10-нэ классхэм я еджакІуэхэращ. Абыхэм я нэхъыбапІэр ди республикэм и къуажэхэм дэт курыт школхэм я гъэсэнщ.

ТАМБИЙ Линэ.

● Теплъэгъуэхэр



Абхъазым и утым щащІа къежэхыпІэм и теплъэ дахэрщ. Абы яфІэфІу сабийхэри балигъхэри къокІуалІэ, я нэгу зыщрагъэужь, бгы Іэрыщ1ым къожэхэр. *Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Щэнхабзэ

Фестивалыр и кІэм ноблагъэ

Махуиплікіэ Налшык къалэм щызэхэта «Фестиваль платформ» щэнхабзэ фестивалыр и кІэм нэблэгъащ. Ар къызэригъэпэщащ къалэм зегъэужьынымкІэ «Платформа» институтым, Налшык къалэ администрацэмрэ ITV Group гупымрэ я дэІэпыкъуэгъуэу.

МАТЕМАТИК Савватеев Алексей и «Волшебная школьная геометрия» лекцэмкІэ фестивалыр кьызэІуихащ. «Зимняя платформа» Іуэхум хьхьэу, кьалэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ екІуэлІэну икІи Кавказ Ищхьэрэм и иджырей гъуэзджэмрэ лъэпкъэм я щхьэхуэныгъэхэмрэ щытепсэлъыхьыну Іэмал яІащ Кавказым иджырей гъуэзджэмкІэ и фондым и президент Астемыр Заирэрэ художник Чыгъэду Закрэ я лекцэ гъэщІэгъуэнхэм.

Зэхуэсахэр Кавказ Ищхьэрэм нэгъуэщІныкІэ иригъэлпъыжыну икІи зэрыс щІыналъэр нэхъыфІу яригъэлъагъуну кьехъуліащ Тарабринэ Иринэ игъэлъагъуа «Сев Кав Ван Лав» и фильмым. Фестивалым и хьэщІэхэм Іэмал яІащ «В поисках идентичности» арт-зэхуэсым хьыкъу кьызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэхэм зыщаплъыхьыну.

Зэлущ1эр зэхуащІыжащ «Городская идентичность, Кизиловка» уоркшопымкІэ. Архитекторхэу Пановэ Алёнэрэ ГъукІэлІ Муратрэ я гъуэгу налшыдэхэм кьагъэльэгъуащ Кизиловкэ зэрыдзкІ гъуэгум и Іуэху зэІумыбзхэм, абы зэрызрагъэужьыну, зэрырагъэфІэкІуэну щыкІэхэм.

БЖЬЫХЬЭЛІ Роэз.

● Гъуэзджэ

«Урысейм и макъ жьгъырухэр - 2020»

Апхуэдэ фІащыгъэ зиІэ урысейпсо зэпеуэм и муниципальнэ Іыхьэр Налшык щекІуэкІащ. ЗэфІэкІ зиІэ уэрэджэкІуэхэм я зэхьэзэхуэр кьызэрагъэпэщащ «Хоровод традиций» урысейпсо фестивалым хьыхьэу.

ЗЭПЕУЭМ и кьалэ Іыхьэм хэтащ курыт еджапІэхэмрэ щІэныгъэ гуэдзэнхэм я Іуэхущ1апІэхэмрэ я еджакІуэ 69-рэ. Абы и саугъэт нэхъыщхьэр хуагъэфэщащ **Акаевз Мариамрэ къалэм и курыт еджапІэ №23-мрэ**.

Адрей Іыхьэхэм пашэ щыхьэхэщ: ильэси 10-ти зи ныбжьхэм я деж «Эстрадэ уэрэдхэр гъэзэщІэн» унэтІныныгъэм щытекІуащ **Цыплухэнкэ Аннэ (курыт еджапІэ №96), Уэлджыр Миланэ (курыт еджапІэ №37), Тэшт Айдэмир (курыт еджапІэ №20)**;

- ильэс 14-16 зи ныбжьхэм я деж «Эстрадэ уэрэдхэр жьІэн» унэтІныныгъэм пашэ щыхьэщ **Быбзыхъуэ Бэлэ (лицей №2), Къэдзокъуэ Арианнэ (курыт еджапІэ №9), Жэмыхъуэ Камиллэ (курыт еджапІэ №27)**.

- ильэс 14-16 зи ныбжьхэм я деж «Академическэ уэрэдхэр гъэзэщІэн» Іыхьэм щытекІуащ **Шэрий Іэминэ (лицей №2)**.

Зэхьэзэхуэм и щІыналъэ Іыхьэр мазаем и 19-м ирагъэкІуэкІыну яубыхьуащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Абы дегъэпІейтей

«Кавказ хабзэ», «бгырыс хабзэ» жыхуаІэхэмрэ къынэмыщІхэмрэ

***Мы тхыгъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІа «Кавказ этикет» (Налшык, 2019 гъ.) тхылъымрэ КъБКъУ-м и профессор Хъурей Леоренэ «Лъэпкъ хабзэм кьыбгъэдэкІ узынишагъэр» («Здоровьепорождающая сила национального этикета», «Газета Юга», №45, 2019 гъ., щэкІуэгъуэм и 29) зыфІища и тхыгъэмрэщ. ТегъэщапІэу къэштар филолог Гъут Іэдэм «Кавказ этикетым теухуа теплъэгъуэхэр» («Этюды о кавказском этикете», Налшык, 1998 гъ.) зыфІища и лэжьыгъэмрэ зытепсэлъыхь ІуэхугъуэкІэ абы ещхь нэгъуэщІ зыбжанэрэщ. Хъурей Леоренэ къыззрилъытэмкІэ, адыгэ хабзэр Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъ псоми я деж щызекІуэ хабзэхэм лъабжьэ зэрахуэхъуам кьыхэкІыу, «кавказ хабзэ зыфІэпщыфын зэхэтыкІэ зэдай» щыІэу пхужьІэнущ.*

Лъэпкъ щхьэхуэхэм епха фІэщыгъэхэмрэ терминхэмрэ

ІУЭХУМ щымыгъуазэ щІэджыкІакІуэ жыІэзыфІэщым и нэ къыфІэнэн щымыІэ хуэдизу щытщ. ИтІани, дызытепсэлъыхьым хэзыщыкІхэр, псом хуэмыдэу Іэщ1агъэлІхэр, я нэгу щІэкІым нэгъуэщІущ зэреплъыр. Іуэхур эыІутращи, гъунэгъу лъэпкъхэм ящыщу къызыхэкІам и пщІэр эыІэтым зыфІэфІхэм адыгэхэм (нэхъыбэу - къэбэрдейхэм) я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ епха фІэщыгъэ куэд Кавказ псом я зэхуэдэ хуэдэу я лэжьыгъэхэм къыщагъэлъэгъуэн щІадзащ. Дэ дызэреплъымкІэ, апхуэдэ щыкІэу эы лъэпкъым тхыдэм къыпхиха хъугъуэфІыгъуэхэр адрейм патхэ. Ящыныкъуэхэм деж а гъуэгур мурад щхьэхуэ яІэу, е унафэ гуэрым хуэжьІэдалуэу кьызэрыхахьи гу лъыботэ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэм и зэранкІэ лъэпкъхэр зэпэщІоувэ, зэныкъуэкъухэр, зэдауэхэр утыку кьохьэ.

Адыгэхэм лІэщІыгъуэ бжыгъэкІэ тхыдэм къыпхаха я екъулІаныгъэхэр нэгъуэщІ лъэпкъхэм ейуэ ягъэІуныр хабзэ хъуащ. Псом хуэмыдэу ар теухуащ щэнхабзэм и хъугъуэфІыгъуэхэм. Псалъэм папщІэ, адыгэ «Нарт» эпосыр (нарт лІыхъужьхэм ятеухуа хъыбар гупыр) дунейпсо мыхьэнэ зиІэу къалъытэ Іуэрыіуатэр, гъунэгъу лъэпкъхэм я щэнхабзэм хуэмхуэмурэ хабжь. Иджы ар осетинхэми, къэрэшей-балъкъэрхэми, вайнаххэми ейуэ жаІэ. Уэркъ хабзэр аланхэм (осетинхэм) кьабгъэдэкІауэ зэхьібох. Адыгэ цейр Кавказ Ищхъэрэми Кавказ ЩІыбми щыщ лъэпкъ куэдым я щхьэ хуахъ. Тлэ щащІа тхъурымбейхэм, самоварым, Оренбург щащІа цыхьархэм, Іэщтыркъэн хъарбызхэм, Гжель къэкІа хьэкъуащыкъум, БжьэдыгъуэкъалІэ шейм «урыс хьэпшып» фІащыну ягу зэкІэ кьэкІакъым. Дауэ къащыхъуну пІэрэ осетинхэмрэ къэрэшей-балъкъэрхэмрэ я хъыршнхэм е цыхэкІхэм, адыгей кхъуейм, кьэбэрдей лэкъымым, дагъыстэн цІугъэнэхэмрэ алэрыбгъуэхэмрэ «кавказым щащІа» фІащмэ? Ар, дауи, зыми и гуапэ хъунукъым.

Совет эзманым епха зы щапхъэ къэтхынщ. Мы тхыгъэр зи Іэдакъэщіэкіхэм яз ХХ лІэщІыгъуэм и 80 гъэхэм и етІуанэ Іыхьэм Мэзкуу аспирантурэм здыщІэсым, куржыхэм кьызэІуаха гъэлъэгъуэныгъэм еплъыну кІуат. Утыкум кьралъхьа хьэпшыпхэм тепсэлъыхь щІалэм цІыхухъу щыгъыным щыщ Іыхьэхэм (щхьэрыхъэщ, щІалкІуэ, къэптал, лъей) я гугъу щищІым, адыгэ цейр куржы лъэпкъым и щыгъыну жиІащ. Адыгэ щІалэр къэуІэбжьауэ щІэупщІащ: «Сыт-тІэ абы «грузинка», «армянка» е «азербайджанка» фІамыщу «черкеска» щІыфІащар?» Жэуап къратыжакъым. Апхуэдэ куэд кьохьу.

Іуащхьэмахуэ япэу дэкІа Хьэшыр Чылар къэрэшей Хачиров Хыйса хуэдэу ягъэІу. 2009, 2019 гъэхэм Къэрэшей-Шэрджэсым а Іуэхум текхуауэ къэралыгъуэ дауэдапщэхэр щрагъэкІуэкІащ (апэ Іущхьэмахуэ дэкІыгъуэр илъэси 180-рэ, 190-рэ зэрырикъуахэр). Хьэшыр Чылар и фэеплъу Іуащхьэмахуэ лъапэ деж щытым иджыблагъэ тебзэхыкІащ ар зыщыщ лъэпкъыр къэзыгъэлъагъуэ гъущІ пІащІр. Ар ауэ сытми къэхуауэ фІэщщІыгъуейщ. Иужьрей илъэс 30-м КъШР-м щыщ ди гъунэгъуэхэм адыгэшым «къэрэшей шы лъэпкъ» фІащам щхьэкІэ ямыщІа къагъэнакъым. Адыгэ къафэ «ислъэмейм» кавказ псом я зэхуэдэ «лезгинка» фІащыжащ. Адыгэ уанэм, шы Іэпслъэпсхэм, сэшхуэмрэ къамэмрэ «кавказ Іэщхьк1э» йоджэ. Ардыдэр пхужьІэнущ бзыльхугъэ хьэпшыпхэм, фащэм, цІугъэнэхэм, адыгэ щІакІуэм, арджэным ятеухуауэ.

Ди щІыпІэм и яэныкъуэ щІэныгъэлІхэм я тхыгъэхэм игъащІэ лъандэрэ къэбэрдей (адыгэ) хуэІуэхуэщІэу къьекІуэкІа хъугъуэфІыгъуэ куэдым я фІэщыгъэхэр щытралъэщІэну, кьыхамыгъэщыну, адрейхэм хагъэзэрыхьыну щыхуожьэ. Апхуэдэ щапхъэхэм ящщ тхыгъэр щыщІэздзэм зи гугъу тщІа «бгырыс хабзэ», «кавказ хабзэ» терминхэр «адыгэ хабзэм» и пІэкІэ кьыззэрыраІуэр, «адыгэ фащэм» и пІэкІэ «бгырыс фащэ», «адыгэ Іэщэм» и пІэкІэ «кавказ Іэщэ» зэрыжаІэр.

Зэрыхамыщ1ыкІым кьыхэкІыу, нобэр кьыздэсым Урысейми хамэ къэралхэм щыщ щІэныгъэлІхэми Кавказ Ищхъэрэм и тхыдэм щытепсэлъыхькІэ, псоми «шэрджэскІэ» кьыдоджэ, зытепсэлъыхь лъэпкъым зэреджэр зэхагъэкІыным емылІалІэу. Ари бгъэдыхьэкІэ узынишэу къэпльытэркъым, щІэныгъэми къыщеэзгъыркъым.

Ардыдэм уащрохьэлІэ тхыдэм щызекІуэ терминхэм: «къэбэрдеипщхэм» и пІэкІэ «Кавказ Ищхъэрэм и тепщэхэр» жаІэ; «адыгэщІыхэр» жаІэу ятхыным и пІэкІэ «тафэщІхэр» жаІэри ятх. Апхуэдэ тхыгъэхэр лъэпкъым кьыхэкІа тхыдэджхэм нэгъунэ я Іэдакъэ я кьыщІокІ, я лъэпкъым тхыдэ пхэнжьр пэж хуэдэу кьыхугъэнэн я мураду. Ещхьыркъабзэу, арэзы удэхъуну гугъущ «адыгэ хабзэм» и пІэкІэ «кавказ хабзэ» е «бгырыс хабзэ» зэрыжаІэми, ауэ щыхъукІэ щапхъэ къахьхэм я процент 80-90-р кьызыхахар адыгэ тхыдэрщ. Дэ дапэщІэуэвэркъым куэд щІауэ щІыхэм яІурыть «кавказ хьэщІэ гъэжьащІэкІэ», е «кавказ ерыскъы» жьхуаІэхэм.

Апхуэдэу щхьэрыутІыпщу тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ пыщІа фІэщыгъэхэм уриджэгуныр хуит щыхъуар совет зэманым кьыдэкІа щІэныгъэ, художественнэ, публицистикэ тхыгъэхэрт. А зэманым абы и щхьэусыгъуэр къэралым щызекІуэу щыта лъэпкъ Іуэху бгъэдыхьэкІэрт. Ноби кьэхъур ардыдэращ. Ауэ нобэ ар щІэныгъэмрэ публицистикэмрэ щыпІэщІэкІ мыхъуныр дэнэ хъэна, егъэджэныгъэми ущыхуэбгъэлэрыгъ хъунукъым апхуэдэ Іуэхуэм.

ИльэсибгІ ипэкІэ «Бгырыс хабзэ» зыфІаща егъэджэныгъэ курс гуэр еджапІэхэм щыпхаГъэкІыну хуежьат. Абы щыгъуэм КъБР-м и Адыгэ лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм я ззэзыгъэуІу Советми, Къэбэрдей Адыгэ Хасэми, лъэпкъ интеллигенцэми зыкъаІэтри, апхуэдэщІэм щІэту факультативыр кьрагъэщтэн ядакъым, щхьэхуэ-щхьэхуэу адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я лъэпкъ хабзэхэр ирагъэджыну чэнджэщ ираТри. А зэманым ЕгъэджэныгъэмкІэ министерствэри арэзы техъуауэ щытащ апхуэдэ бгъэдыхьэкІэм.

ИтІани, а «Бгырыс хабзэ» («Горский этикет») жьхуаІэ курсыр дызэрыт зэманым СКГИИм щрагъэдж. А Іуэхум теухуауэ жьІапхъэщ къэбэрдейхэр бгырыс лъэпкъыу зэрыщымытыр. Абыхэм я тхыдэри, я хабзэри нэхъыбэщ щызэфІэувар тафэрщ, бгыхэр кьыззрагъэщхъэпар зыхэпсэукІыпхъэ Іэмалкіэщ. Бгырысу игъащІэми къалъытэр балъкъэрхэрщ, къэрэшейхэрщ, осетинхэрщ (абыхэм къэбэрдей адыгэхэр нобэми «къущхьэкІэ» йоджэ), шэшэнхэрщ, ингушхэрщ, дагъыстэн лъэпкъхэрщ. Къедбжэкіа псоми, къэбэрдейхэри яхэту, езыхэм я хабзэ яІэжщ. Бзэкіи, щІыпІэ яубыдкІи, зэрызэбгъэдэт щІыкІэкІи щхьэж и дуней тетыкІэ иІэжщ. Аращ балъкъэрхэм «тхыдэкІи, динкІи, псэукІэкІи дызэтохуэ» жызыІэ къэбэрдей тхыдэджхэм «пцІы фІымыупс» кьыщыжраІэкІэ, кьуаншэу къалъытэн щІыхуэмейр. Къэбэрдейхэмрэ балъкъэрхэмрэ (къэрэшейхэмрэ) тепсэлъыхькІэрэ, абыхэм ятх: «ЛъэпкъитІым я бзэм деж кьыщымынэу, я гупсысэкІэри зэщхьэщокІ, 1922 гъэм и пэкІэ екІуэкІа тхыдэмкІи зэтехуэркъым». Я лъэпкъ хабзэхэм я гугъу щащІкІэ, апхуэдэ епльыкІэщ къагъэльагъуэр Кавказ Ищхъэрэм щыщ тхыдэдж псоми.

Нобэ Кавказ Ищхъэрэм лъэпкъ 140-рэ щопсэу. Дэтхэнэ лъэпкъыми фІэщыгъэ хэха зиІэ екъулІэныгъэ щхьэхуэхэр бгъэдэлъщ, абы иригушхэ къудей мыхъуу, лъэпкъыу зыкъыззралъытэжым ар лъабжьэ хуэхъуу. А мылькум щхьэрыутІыпщэ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ пыщІа фІэщыгъэхэм уриджэгуныр хуит щыхъуар совет зэманым кьыдэкІа щІэныгъэ, художественнэ, публицистикэ тхыгъэхэрт. А зэманым абы и щхьэусыгъуэр къэралым щызекІуэу щыта лъэпкъ Іуэху бгъэдыхьэкІэрт. Ноби кьэхъур ардыдэращ. Ауэ нобэ ар щІэныгъэмрэ публицистикэмрэ щыпІэщІэкІ мыхъуныр дэнэ хъэна, егъэджэныгъэми ущыхуэбгъэлэрыгъ хъунукъым апхуэдэ Іуэхуэм.

Ильэсибл ипэкІэ «Бгырыс хабзэ» зыфІаща егъэджэныгъэ курс гуэр еджапІэхэм щыпхаГъэкІыну хуежьат. Абы щыгъуэм КъБР-м и Адыгэ лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм я ззэзыгъэуІу Советми, Къэбэрдей Адыгэ Хасэми, лъэпкъ интеллигенцэми зыкъаІэтри, апхуэдэщІэм щІэту факультативыр кьрагъэщтэн ядакъым, щхьэхуэ-щхьэхуэу адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я лъэпкъ хабзэхэр ирагъэджыну чэнджэщ ираТри. А зэманым ЕгъэджэныгъэмкІэ министерствэри арэзы техъуауэ щытащ апхуэдэ бгъэдыхьэкІэм.

ИтІани, а «Бгырыс хабзэ» («Горский этикет») жьхуаІэ курсыр дызэрыт зэманым СКГИИм щрагъэдж. А Іуэхум теухуауэ жьІапхъэщ къэбэрдейхэр бгырыс лъэпкъыу зэрыщымытыр. Абыхэм я тхыдэри, я хабзэри нэхъыбэщ щызэфІэувар тафэрщ, бгыхэр кьыззрагъэщхъэпар зыхэпсэукІыпхъэ Іэмалкіэщ. Бгырысу игъащІэми къалъытэр балъкъэрхэрщ, къэрэшейхэрщ, осетинхэрщ (абыхэм къэбэрдей адыгэхэр нобэми «къущхьэкІэ» йоджэ), шэшэнхэрщ, ингушхэрщ, дагъыстэн лъэпкъхэрщ. Къедбжэкіа псоми, къэбэрдейхэри яхэту, езыхэм я тхыдэркъым, хамэ лъэпкъхэм кьабгъэдэиха, езым ейуэ кьыфІэщІ имыхабзэрэ имытхэдэрэщ. Абы дызэрыхуэкІуэ иджыпстуи уолъагъу. Дэ шэч кьытетхьэркъым, гупсысэн зи хьэл цІыхухэр, я лъэпкъым и тхыдэр, абы бгъэдэлъ щэнхабзэ лъагэр кьызыфІэІуэхуэр къекІуэкІ бгъэдыхьэкІэм арэзы зэримыщІым. Апхуэдэхэр щынэхъыбэщ ди цІыхубэм.

Кавказ щэнхабзэм и Іыхьэу щыт адыгэ хабзэм и тхыдэр лІэщІыгъуэ жьыжьэхэм къыщожьэ, зэманым кьыпхыкІри, къару зэрыщІэлъыр кьигъэлъэгъуащ. Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм ядэпльагъу екъулІэныгъэхэм адыгэ хабзэр теплъэщхьэхуэ иІэу хоувэ. И псэукІэкІи, и дин хуэІуэхуэщІэкІи, цІыхум и щхьэр лъагэу езыгъэІэт нэгъуэщІ лъэныкъуэ куэдкІи абы езым и уеыпІэ иІыгъыжщ.

«Кавказ хабзэ» жьхуаІэм теухуауэ

ДЭ ШЭЧ кьытетхьэркъым, дэтхэнэ лъэпкъ хабзэмрэ щІэныгъэм щызекІуэ бгъэдыхьэкІэхэр зыІэщІумыгъэкІыу, лІэщІыгъуэ бжьыгъэкІэ зэтеува Іуэху ягъэІуныр бжьыгъэкІэ зэтеува Іуэху ягъэІуныр щыщ пычыгъэкІыр «цІыху декІуэкІыкІэ, цІыхубэ гъащІэм и кІуэцІкІэ щызекІуэ зэбгъэдэтыкІэ гуапэ» мыхьэнэрщ. Дунейм зы лъэпкъи тет къыщІэкІынкъым унагъуэм уззрыщІэкІуэнум, цІыхубэм уаззрыхьэтынум теухуауэ хабзэ гуэр имыубзыхуауэ.

Сыт-тІэ адыгэ хабзэр дуней псом хэІущІыІу щызыщІар? Ди лъэпкъым дежкІэ «этикет» жьхуаІэр тхыльымпІэм ирамытха, «адыгэ хабзэ» зыфІаща цІыху зэхэтыкІэ укъуэдиящ. XIX лІэщІыгъуэ пщІондэ зекІуащ ар, нобэми мыкІуэдыжкуэ гъащІэр абы и унафэм щІэтщ. НэгъуэщІу жьпІэмэ, адыгэ хабзэр - пасэ зэманым зэрыІэува, адыгэхэм я пщІэрэ я псэрэ зэрахъумэжу щыта унафэщ. БлэкІа зэманым ар я тегъэщІапІэу цІыхубэм къалъыкъуэкІ Іуэхуэр зэфІахьырт, абы ебакъуэм тезыршхуэ тралъхьэрт.

Этнограф цІэрыІуэ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий зэреплъымкІэ, «адыгэ хабзэм» и Іыхьэщ «адыгагъэмрэ» «адыгэ нэмыс» жьхуаІэмрэ. КьызэщІэуфыдауэ къапщтэмэ, абы яхохьэ уи щІыхьэр зэрыпхъумэныр, щэныфІагъыр, пэжыгъэр, захуагъэр, укЫтэр, цІыху хэтыкІэр, гудзакъэ, гулъытэ уиІэныр, нэхъыжьым, цІыхубзым е цІыхухъум пщІэ зэрахуэпщІыну щІыкІэр, кьынэмыщІхэр. Адыгэхэм фІэкІа апхуэдэ ядумылъагъуу, лъэпкъым и махуэкъэс гъащІэм мыхьэнэщхуэ щиІэу хьэщІэ егъэблагъэным и хабзэ ткІийкэм, унагъуэ кІуэцІ щызекІуэ унафэм, гуфІэгъуэмрэ гуэзвэгъуэмрэ епха дауэдапщэхэм. Апхуэдэ зы щапхъэу кьэпхьыфынщ адыгэ Іэнэ щысыкІэр.

Адыгэ хабзэр и ткІиягрэ и дахагъкІэ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я деж цІэрыІуэ щыхъуат. Европэм, Урысейм (уеблэмэ Урыс-Кавказ зауэм хэтахэм) кьикІа щІэныгъэлІхэм, XVIII-XIX лІэщІыгъуэхэм кьэкІуа дунеяплъхэм ар Германиемрэ Франджымрэ щызекІуэ уэркъ хабзэхэм ирагъэщхьырт.

Уэркъ хабзэм «уэркъ напэ» жаІэри зыгуэр хэтщ. Абы хохьэ уэркъым бгъэдэлъыпхъэ гъэсэныгъэм и мардэ гуэри. Ар хуэзу, хьэщІэхуэфІу, жумарту, и псальэм тетыжу, жьакІуэу, щхэу ихьумэфу, цІыхугъэ хэлъу щытын зэрыхуейр, кьинэмыщІхэр.

Псом нэхърэ нэхъ гущыкІышхуэ зыхуаІэр шынэхэрабгъэхэмрэ быдэхэмрэт. Къэрабгъафэ зраплъа, уэрэдкІэ ягъэпуда уэркъым дунейм тетыхукІэ и напэр хуэтхъэщІыжынутэкъым. «Апхуэдэр яуКІа пэлъытэщ, - етхыж Лапинский Теофил. - Зы хъыджэбзи кьыдэкІуэнукъым, зы ныбжьэгъуми и Іэ кьыхуишинукъым, и щІынаІъм щыаУану и Іащ1ЭР ихьыну аращ».

ТегъэщІапІэ димыІэу дымыпсэлъэн щхьэкІэ, хэІущІыІу хъуа тхыгъэхэм ящщ пычыгъэхэр къэтхьынщ.

«Кавказ Ищхъэрэм псоми плъапІэу щаІэр къэбэрдей адыгэхэрщ. Аэр Кавказым и франджыхэу жьпІэ хъунущ, Кавказым и щІыбкІэ персхэр зэрыщытым хуэдэу. Аэрщ щыгъынкІи, Іэщэкіи, щауэ Іэкіуэлъакіуагъкіи, шы тесыкІэкІи модэр къезыгъажьэр». (Зассерман А. А., «Двадцать лет на Кавказе», 1879).

«ЩэныфІагъымрэ Іэбэкіэ екІумрэ бгырысым Къэбэрдейм нэхърэ нэхъыфІу зыщІыпІи зыщщыхуегъэсэнукъым. Кавказ Ищхъэрэм щыщ бгырысу хъуам абыхэм я цей дыкІэри, я шы тесыкІэри я щапхъэщ». (Брокгауз Ф. А., Ефрон И. А. «Энциклопедический словарь», 1894).

«Сунжэ щегъэжьауэ хы ФІыщІэм нэс зыщщызыубгъуа адыгэ зауэлІ зэгухьэныгъэхэм уэркъ щауэхэр зэрыс Къэбэрдейщ екІумрэ емыкІумрэ къезыгъащІэри, щІэр къахуезыхьэжьэри». (Попко И., «Терские казаки стародавних времён», 1880).

«Кавказ Ищхъэрэм ис бгырыс псори, псыжь, тэрч къззакъэри Іэщэ-фащэкІи, шы тесыкІэкІи, нэгъуэщІ куэдкІи зыдэплъейр Къэбэрдейщ, нэгъуэщІу жьІпІэмэ, къэбэрдей модэ щхьэзыфІэфІым я нэІэ тет зэпытщ». (Студенецкая Е. Н. «Одежда народов Северного Кавказа XVIII-XIX вв., 1989).

1857 гъэм швейцар публицист Жиль Флориан «Письма с Кавказа и Крыма» и цІэу Парижк тхыльэ зэгъэпэща кьыщыдигъэкІат. Кавказ лъэпкъхэм я гугъу щищІкІэ, тхакІуэр абы адыгэхэми щатопсэлъыхь. Ди лъэпкъэгъуэхэм я зауэлІ Іэкіуэлъакіуагъымрэ ядилъэгъуэ хабзэмрэ ятхэкъуэ Жиль итхужащ: *«Абыхэм я хабзэм, Іэщэм, зауэлІ фащэм, кьрагъэкІукьрамыгъэкІуэхэм шэрджэхэм я мызакъуэу, Кавказ кьуршхэм я хьуреягъкІэ щыпсэу бгырыс псори кІэлъопльэ, зауэм хэпщІа зэпыту екІуэкІ къззакъэхэми ардыдэхэр зрахьэлІэным нэхъыфІ къахуэгупсысакъым».*

Адэкіи Жиль кьыдыщІегъу: *«ХIX лІэщІыгъуэм нэгъунэ, Урыс империем и унафэм щІэувэ нэжьи, Париж Европэм щихь къалэныр зыгъэзащІэ Къэбэрдейрт модэр къезыхьэкъэр».*

Гу лъывэдгъэтэну дыхуейт зи жьІэгъуэ къэтхьахэм иджырей щІэныгъэлІуи щыналъэм щыщи зыри зэрахэмыІыным, псори блэкІа жьжьъэм зэрыщыщым.

Апхуэдэ дыдэу пщІэшхуэ адыгэхэм кьыхуащІу щытащ Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэми, Кавказ ЩІыбым щыщхэми. Ар Іупщу кьыхощ ди гъунэгъу лъэпкъхэм я Іуэрыіуатэм. Куржы философ цІэрыІуэ Рехвиашвили Нестор и тхыгъэхэм кьыщыхегъэщ: «Адыгэ хабзэр кавказ лъэпкъ псоми зы дуней тетыкІэ щапхъэу зыхьэдащтащ». Ингушхэм жаІэ: «Адыгэм хуэдэу Іумахуэщ». Шэшэнхэр гъэсэныгъэ зыхэлъ цІыхухъум «адыгэ уардэкІэ» йоджэ. Балъкъэрхэм я нэхъыжьхэм адыгэ хабзэм и гугъу щащІкІэ «черкес намус» жаІэу щытащ. ЛІэщІыгъуэ бжьыгъэ хуэщу ди гъунэгъухэм адыгэ хабзэм и хьэтыр зэралъагъурэ. Абы и щыхьэтщ Къэбэрдейм зыщызыужьа атлыкъ гъэсэныгъэмрэ къунакъ зэныбжьэгъугъэмрэ. Абы ижь зыщІихуар езы лъэпкъым кьыщІэхъуэ щІэблэм, нэхъыбэу - щІалэ цІыкІухэм я закъуэкъым. Гъунэгъуэхэм я сабийхэм дежи кьыщынэркъым. АтІэ кьрым хъаныкъуэхэри хиубыдащ абы. «Тырку сультІаныимрэ кьрым хъаныимрэ я кІуэ псори Шэрджэсейм щагъасэ», - итхыжащ Пейсонель Карл.

Адыгэ хабзэр зэрызэхэт щыкІэр нагъэсауэ щызэпкърыхащ иджырей щІэныгъэлІхэм я лэжьыгъэхэм: Думэн Хьэсэн («Социальная структура кабардинцев в нормах адата», 1990); «Правовые нормы адыгов и балкаро-карачаевцев XV-XIX вв.» (зэхэзыгъэувахэр Думэн М., Думэн Ф., 1997); «Адыгэ щІэнгъуазэ» (редактор нэхъыщхьэр Къумахуэ Мухьэдинщ, 2006); «Земля адыгов» (Щоджэн Іэсхьэд, 2004); Бгъэжьнокъуэ Барэсбий («Адыгский этикет», 1974; «Очерки этнографии общения адыгов», 1984; «Адыгский этикет», 1999); МафІэдз Сэрэбий («Межпоколенная трансмиссия традиционной культуры адыгов», 2000; «Адыги. Обычаи. Традиции», 2000); Унэж Кашиф («Феномен адыгской (черкесской) культуры», 1999); Мэлбахъэу Борис («Черкесское (адыгское) декоративно-прикладное искусство», 2012; «Черкесы (адыги) в мировой литературе», 2013; «Кабардинцы в исторической науке», 2019); Къудей Владимир («Адыгские традиции и современность», 2019).

Мы тхылъ къедбжэкІахэр зи Іэдакъэщіэкі псоми адыгэ хабзэр Кавказ псом и зэхуэдэ щэнхабзэм и лъабжьэу къалъытэ, ауэ абыхэм ящыщу зыми ар «бгырыс хабзэу» е «кавказ хабзэу» жиІэркъым.

Пэжырщ, захуэрщ, тхыдэм къупхыкІарщ тегъэщІапІэ щІыпхъэр

МЫ ТХЫГЪЭМКІЭ къэбэрдей адыгэхэр тхыдэрэ щэнхабзэкІэ адрей лъэпкъхэм нэхърэ нэхъ лъагэу къэдгъэлъэгъуэныркъым ди мурадыр. Шэрджэсхэр игъащІэми хуэтэмакъкІыхьщ я гъунэгъухэм я блэкІами, щэнхабзэми, динми. Зэманым зиужьыху, абыхэм я ехъулІэныгъэхэри Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъ псоми зэІэпах хъуащ. НэгъуэщІу жьІпІэмэ, лъэпкъ куэд зэрыс Урысеишхэм щыпсэухэм зым ифІ адрейм кьызэрекІыр haІуэщ.

Дэ дымыдэр тхыдэм кьикІуа гъуэгуанэм щызэтеува, лъэпкъ щхьэхуэм епха фІэщыгъэхэмрэ терминхэмрэ цІэн щхьэи кьхуамыгъэнэжу зэрытралъэщІэрщ. Тхыдэм тыгъэ кьытхуиІэ дэтхэнэ хуэгъуэфІыгъуэми цІэ щхьэхуэ иІэжщ, ахэр нобэкъым икІи дыгъуасэкъым щызэтеувар. Псалъэ щэрыуэ гуэр щыІэщ: «Дунейр щІэращІэ зыщІыр зэхуэдэныгъэркъым, зэщхьэщыкІыныгъэрщ» - жеІэри. Дэ щэч кьытетхьэркъым Кавказ Ищхъэрэм ис щІэныгъэлІхэм я нэхъыбэр щхьэж кьащІалъхуа щІыналъэм и хэкупсэу зэрыщытым. Я тхыгъэхэр щытрадзэкІи, абыхэм мурад дахэхэр ящІ, щхьж и лъэпкъым иригушхуэу. Ауэ сыт щыгъуи тегъэщІапІэу щытыпхъэр пэжым и закъуэщ. НэфІнеиншагъэмрэ тхыдэм кьигъэув щапхъэхэмрэщ ноби дяпэкІи гъуэгугъэлъагъуэу диІэн хуейр.

XIX - XX лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм щегъэжьауэ, щІалэгъуалэм я лъэпкъым теухуауэ хьэбар пэжхэр яІэрохьэ. Аращи, а Іуэхум пхэнжи нэпцІи кьыхьхьэ хъунукъым. Адыгэ хабзэр щызэтеува зэманымрэ нобэмрэ я зэхуакУ гъащІэми псэукІэми зэхъуэжьІыгъэ куэд дыдэ щекІуэкІащ. Хабзэр зэтезыІгъэ щыта Іэмэпсымэхэм я нэхъыбэр зекІуэжьркъым. Нобэ дзыхь нэхъ зыхуащІ Интернет хуэІуэхуэщІэхэм пэжыр кьыщІплъыхьэнырщ дзыхьщІыгъуэджэщ, зэрымыщІэкІи мурад Іей ящІыпаУи Іуэхур зэгъэдзэкІауэ утыку кьыщрахьэ кьохъу.

Щэнхабзэр сыт щыгъуи Іэмал щхьэпэ мэхъу зэгъунэгъу лъэпкъхэр фІыуэ зэхуацытын, я зэхуакум ныбжьэгъугъэм, зэкъуэшныгъэм зыщиубгъун папщІэ. И гугъу умыщІыххэми хъунущ ар лъэпкъ псоми я зэхуаку лъэмыж хуэдэу зэрыдэтым, зым адрейр кьицІыхуну Іэмал зэрыритым.

ИтІани, уигу ибгъэху хъунукъым лъэпкъ хабзэхэр зэрызэщхьэщыкІыжрэ абыхэм зэтехуэу яхэлъымрэ кьызэщІэбгьыдэфмэ, лъэпкъ къэс и къуэхым нэхъ зэрызиужьынур, зэгъунэгъухэр щІызэрыуБыдын щхьэусыгъуэхэри нэхъыбэ зэрыхунур.

КъАЛМЫКЪ Жылэбий, *тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м и Адыгэ лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм я ЗзэзыгъэуІу Советым и унафэщІ.*

ЩЭМЕЙ Аслъэн, *тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и доцент.*

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд, *Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ЩІДАА-м и академик.*

АдыгэлІрэ адыгэшрэ.

«Ислъэмейм» лъэр щІегъэкІ. *Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Дзэзешэ цІэрыІуэхэр

Маршал Чуйковым и уэсятыр

Абы и гум къыхуидакъым лІа иужькІи а щІыналъэр ибгынэн

Сталинград» псалъэр зэхэзымыха цІыху балигъ къэгъуэтыгъуейщ. И пщІэр апхуэдизкІэ инщи, Европэм и къалэ зыбжанэм я уэрамхэм ФІащащ и цІэр. Сыт ар апхуэдизу зыІэтар? Хэку зауэшхуэм и зэманым ар зыхъумахэм къыпхуэмыльытэн хуэдизу зэрахьа лЫгъэрщ. Нобэ ди тхыгъэр тыдоухуэ абы и деж къыщахьа ехъулІэныгъэ иным и къызэгъэпэщакІуэхэм ящыщ дзэзешэ Чуйков Василий.

АР 1900 гъэм мазаем и 12-м Тульскэ губернэм бын куэд щапІ унагъуэм (зэкъуэши 8-рэ зэшыпхъуэи 4-рэ хъурт) къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэс 12 фІэкІа мыхъуауэ лэжьэн щІидзащ, пасэу 1917 гъэм Кронштадт къупкъу щищІащ, 1919 гъэм РКП (б)-м хыхьащ.

Граждан зауэм и лъэхъэнэм ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм пэрыту плІэнейрэ уІэгъэ къыщащІащ. Илъэс 19 зи ныбжь Чуйковым уІэгъэ хъуар зэрихъуэжІри 1921 гъэр иухыхукІэ 5-нэ фочауэ дивизэм и 43-нэ полкым и унафэщІу щытащ. Ипщэ, Ищхъэрэ, Къухьэпіэ фронтхэм щызэуащ, зэрихьа лЫгъэм папщІэ Бэракъ ПЛъижь орденитІ, дыщэ сыхьэт, дыщэ Іэщэ къыхуагъэфэщащ.

Хэкур хьэмэныи зи ГъащІэр тезыухуа щІалэм 1925 гъэм РККА-м и Дзэ академиер къиухащ. ИльэситІ дэкІри, Китайм чэнджэщэгъуу ягъэкІуащ, 1929 гъэм Блюхер и КъуэкІыпІэ Жьижь ермэ щхьэхуэм и штабым и къудамэм и унафэщІ хъущ. Аузрэ къулыкъукІэ дэкІуэтеящ.

9-нэ армэм и Іэтащхьэ совет-фин зауэм хэтащ. 1940 - 1942 гъэхэм Китаймрэ дзэ атташеуэ икІи Чан Кайши и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэу щытащ.

Хэку зауэшхуэм зэрыщІидзэу Чуйков Василий лъэІуащ ар фронтым ягъэкІуэну. 1942 гъэм фокІадэм и 12-м 62-нэ армэм и Іэтащхьэ хъуащ. КъулыкъущІэм пэрыхьам къалэну хуагъэуващ сыт къэхъуами Сталинград бийм яримытыну. Генерал-лейтенантым и зауэлІэхэм мазихым щІигъукІэ яхъумащ бийм зэтрикъута къалэр. Зэхэуэхэр уэрамхэм, унэ щхьэхуэхэм щекІуэкІырт. Дэтхэнэ щІы Іыхьэри унэри зэпэубыдат. Псалъэм и хьэтыркІэ, къаркІэ быдэу къеФІэкІ пэтми, нэмыщхэм къахуэштакъым иужькІэ «Павловым и унэ» зыфІащар. А сержантым и гупым ар яхъумэфащ.

Гъэмахуэу Волгэ и Іуфэхэм къыщыІухьам зэрыпхъуакІуэхэм я гугъащ зэресам хуэдэу дяпэкІи псори тыншу екІуэкІыну: хьэуам тепщэнигъэр щалэт, танкхэмрэ артиллериехэмкІи къебэкІырт, лъэсырыкІуэдзэхэм я гугъу умыщІыхьхи. Ерыскъы хэпльыхакІэ ягъашхэ гитлеровцэр нэщхъыфІэт, щыгъын пІащІэкІэ хуэпат (сытыт нэгъуэщІ зэрребгъащІынур - къалэр тыншу икІи псынщІэу къащтэну я мурадт). АрщхьэкІэ мазэ бжыгъэ фІэкІа дэмыкІыу абыхэм къатепсыхащ емынэ. Мис 1941 гъэм и пощІдзэм нэмыщэ сэлэтым езыр зыпылъ хъыджэбзым хуитха письмом щыщ Іыхьэ: «Сэ иджыри къэс сщІакъым дэ дызыхэхуам хуэдэ гъэзэгъуэ мы дунейм щыІэу. Мыбы елъытауэ жьыхьэмэр зырикІыу къыщІэкІынущ. Ерыскъы пщытыр тлъагъужьхэркъым, щІэм дес. Маззм нэсауэ жэщи махуи зытІІэщІыкъым. Псом хуэмыдэу скуэмыхьыр щІэхэрщ, Хэку зрадизу къыдджащи, дэ тхуэдэу мэжалІэ хуэдэщ. СытІахъуэурэ кІисфыщІыкІащи, си Іэпкълъэпкъым сеІуэсэж»къыым!»

Ауэ ар къыщыхъуар иужькІэщ. Зэкіэ, ипэкІэ зэрыжьтІащи, нэмыщхэм ІэнатІэ псоми ефІэкІыныгъэр щалыгът. Генерал Чуйков Василий хэкІыпІэ къигъуэтащ: абы ди зауэлІхэм я окопэхэр нэмыщхэм я щІытІхэм ГънэгъэІу яхуищІащ метр 40 нэхърэ нэхъыбэкІэ нэхъ пэмыжьжьэу. Абы и фІыгъэкІэ зэрыпхъуакІуэхэм я затиплеримеи и зэрІэкІыр хуэдэкІэ нэхъ мащІэ хъуащ: езыхэм я зауэлІхэм къатехуэкІэ шынагъуэти, къеуэ хъуртэкъым. Ардыдэр яхужькІэ хъунут бийм и авиацэми. АпщІондэхукІэ Сталинград зыхъумэхэм я къарум хэхъуэ зэпытт.

Хэку зауэшхуэм зэрыщІидзэрэ лъэныкъуитІми къарыр нэхъыбэ щызэщІагъэуІуат мы щыпІэм. ИпэІуэгъэ Гитлер жиІат: «Баку и бензинымрэ Грознэ и щыдагъэнрэ симыІэмэ, сэ зауэр згъэувыІэн хуей хъунущ». ХэкІыпІэу ятьагъури Сталинград яубыдынырт: итІанэ СССР-м и ипщэ лъэныкъуэр зэІуха хъуну какъльытэрт.

Дауи, совет унафэщІхэми къагурыІуэрт Сталинградым и мыхьэнэр. Абы къыдэкІуэу дуней псор кІэлъыплъырт Волгэ и Іуфэхэм щекІуэкІ зэхэуэхэм.

Ауэрэ белджылы хъуащ нэмыщхэм къалэ зэхэкъутар къаззрыхуэмыщтэнур. Генерал Паулюс Гитлер елъэІуащ къамыухъуреихьыпІэ щыкІэ и дзэр Іуишыну хуит ищІыну. АрщхьэкІэ а ебгъэрыкІуэныгъэм апхуэдизу къаруущхуэрэ мылъкушхуэрэ езыхьэлІа фюрерым къыхуидакъым. Ар иджыри щыгугъырт телъыджэм. РадиограммэкІэ Паулюс унафэ хъыхуищІащ зиІыгъыну икІи хуэбар къригъэщІащ фельдмаршал цІэр къызэрыфІащамкІэ. - «Иджыри къэс а цІэр зезыхьэ зы нэмыщІ дзэзеши къикІуэтакъым икІи зитакъым».

АрщхьэкІэ Малиновский Родион и Резерв армэр Іуэхум хаша иужькІэ нацистхэр кІуапІи жаІи ямыІэжу къъхуреихьащ. Нэмыщэ зауэлІхэу минищэм щІигъум гъэру зыкъатащ фельдмаршалыщІэ Паулюс я пашэу.

А текІуэныгъэм и курыкупсэм хэтащ нобэ зи гугъу тщІы Чуйковыр. Зихуэдэ щымыІа зэхэуэ гуащІэм и хьэлъэхэм я нэхъыбэр зытещІар абы и къарухэрщ.

АрщхьэкІэ дыщэ вагъуэкІэ ягъэльэгуами, Чуйков Василий абы и пІэкІэ къыхуагъэфэщар Суворовым и ордени и япэ нагъыщэрщ; Сталиным щыгъупщэжатэкъым езым хуит имыщІу Малиновскэм и армэр зауэм зэрыхашар. Пэжщ, иужькІэ яхуигъэгъуащ.

Зихуэдэ щымыІэ лЫигъэ къызэригъэльэгъуам папщІэ 1943 гъэм и мэлыжьыхьым 62-нэ армэр щІыхь зиІэ 8-нэ гвардие армэу зэрахъуэкІащ. Абы и пашэу зауэр яухыху щытащ Чуйков Василий. А зэманым къриубыдэу ар тІэунейрэ Совет Союзым и ЛІыхъужь хъуащ - япэ Дыщэ вагъуэр Украинэм и щІыналъэм щыщ Іыхьэшхэу хуит къызэращІыжкм папщІэ, етІуанэр - Познань зэребгъэрыкІуам икІи къызэращтам къыхэкІыу.

Зауэм иужькІэ Чуйковым унафэщІ къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр иІыгъащ, 1955 гъэм Совет Союзым и Маршал хъуащ, КПСС-м и ЦК-м хагъэхащ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ.

1981 гъэм КПСС-м и ЦК-м итхащ: «Си лІэгъуэр къызэрыблэгъар зыхьэощІэри, сывольэІу, сыпІэмэ, Мамай Іуащхьэм сыщыщІэфхьэхну». 71 гъэм фокІадэм и 12-м си хэщІапІэр къыщызэгъэпэща а щІыпІэ дыдэм и деж. Абы лъандэрэ сэ зэхьэзох топышэхэм Волгэ ипсхэр къызэрагъэкъуалъэр, шэхэм я фай макъыр. А щІыпІэм щІэлъщ ди зауэлІ минхэр».

Чуйковым и лъэІур хуащІащ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Жьыуэ зыщІэбдзэр...

УФ-м и Премьер-министр Мишустин Михаил правительствэщІэр ирихулІащ нэхъ жьыуэ къэуушыну.

ПЩЭДДЖЫЖЬІР сыхьэти 9-м ирихьэлІэу лэжьыгъэр зэщІоплъэ. Нэхъапэхэм Министрхэм я кабинетым зыкъыщыужьыр нэхъ гувауэт. Медведев Дмитрий еэым и къудамэм щызэхуихьэсыр шэрджагъуэрт. Мишустиным къигъэлъэгъуакІэщ зрилъэфыхьыну зэрыфІэмыфІыр. Хэбгъэзыхьмэ, ар щэбэт кІуам лэжьапІэм щыІащ. Арати, зыгъэпсэхугъуэ махуэми, правительствэм и ІэнатІэхэр зезыхьэ къулыкъущІэхэр лэжьэн хуей хъуащ.

Блэдэжьым зэ лей зэрагъэпэщын хуитащ вице-премьер Голиковэ Татьянэ хуэгъэза хъуэхъукІэ къыщІадзащ - абы и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирикъуащ. «Уэ уи лэжьыгъэр псом нэхърэ нэхъ гугъуу къыщІэкІынущ - ар псэныгъэ Іуэхухэм екъэлІащ,- жиІащ Мишустиным абы удз гъэгъахэр щритым. - Уэ уи къалэнхэм уеэхулІэмэ, дэри дехъулІэнущ».

Йужьклэ кърибжэкІыу щІидзащ мыгувэу урысейхэм я нэхъыбэр фІэкІыпІэ имыІэу зыІууэну Іэхуухэр.

Премьерым къигъэгугъащ цІыхухэр хуит зыщІ тхьилъхэр хуагъэхьэзырыным трагъэкІуадэ зэманыр куэдкІэ игъэмэщІэну. Зи гугъу нэхъ ищІар мотоциклхэр, автомобилхэр, дронхэр тхьиным, хьэрычэтыщІ лэжьыгъэ щІадзэну хуит ящІыным, н.къ. текІуадэ зэманырщ.

- Дэ дыщогугъ апхуэдэ зэманыр хуэдитІщыкІэ дгъэмэщІэну, уеблэмэ, а лэжьыгъэр яныныкъуэхэм деж зы махуэм зэфІэдгъэкІыну. Мыбдеж хуабжьу щІэгъэкъуэн къыщыхтхуэхьунущ электрон Іэмэпсымэхэр, - жиІащ Мишустиным.

Махуэкум Правительствэр хэпльэнущ бюджетым цІыхухэм зыщыгъэкъуэн и лъэныкъуэкІэ халъхьэну зэхъуэкІыныгъэхэм. Щхьэтечу жьипІэмэ, псэныгъэкІэ ират дэІэпыкъуныгъэмрэ анэ мылькумрэ хэгъэхъуэным. Мишустин Михаил и псалъэхэм я тепщІыхьымэ, анэ мылькур нэхъ псынщІэу икІи тыншу кІыІахьыфІынущ.

Сом мелард 71-рэ ветеранхэм иратынущ ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлІэу. Ахъшэр ветеранхэм я деж мэлыжьхьыыпрэ накъыгъэмрэ фІэмыкІыу нэсынущ. Ахъшэр къыІахьын папщІэ тхьилъмпІэ лей зэрагъэпэщын хуейщ - псори гъэхуауэ икІи убзыхуауэ щытынущ.

Вице-премьер Голиковэ Татьянэ и псалъэхэм я тепщІыхьымэ, псори зэхэту ягъэпэжнущ цІыху мин 537-рэ. Абыхэм ящыщщ Зэку зауэшхуэм хэтахэмрэ ныкъуэдыкъуэ хэхъуэхэмрэ, Ленинград и блокадэр зи лэгу щІэкІахэр, нэмыщІэуІэхэм балигъ мыхъуауэ щаІыгъахэр, Зэку зауэшхуэм, апхуэдэу Финляндиемрэ Япониемрэ щезауэм хэкІуэда зауэлІхэм я фызабэхэр.

Тылым щылэжьхэмрэ нэмыщІэуІэхэм щаІыгъа балигъхэмрэ дэтхэнэми хуэзэу сом мин 50 ятІысынущ.

Мишустиным министрхэм яхуигъэуващ Правительствэм и ГъэтІылъыгъэ фондым къыхахьу ахъшэ иратынымкІэ къагъэгугъэу зыри къамыгъэпцІэну. А фондыр щыщІыІэр зыпэмыплъа гугъуехьхэр къыкъуэкІмэ, япэщІуэвэн щхьэкІэщ.

Премьерым апхуэдэу пщэрылъ ящищІащ 2020 гъэм и бюджетым хэщІэкмкІэ къыщыгъэльэгъуэ бжьыгъэхэм яхэплъэн щхьэкІэ. Мурадыр зыхуэгъэзар ахъшэ нэхъыбэ лъэпкъ проектхэр гъэззащІэным хуэзщІагъэуІуэнырщ.

Ахъшэ уиІэмэ, ар къэгъэсэбэпын хуейщ. Мишустиным къыхигъэщхьэхуІащ илъэсыбл и кІэм къэралым къамыгъэсэбэпа ахъшэхэр къызэрыхуэнэр уигу тебгъахуэ зэрымыхъунр.

- Сэ мыбы щхьэусыгъуитІ хызолъагъуэ: планыр егупсысауэ зэхалъхьакъым е Іэхухэр зезыхьэхэр я къалэнхэм пэлъэщыркъым, - жиІащ и псалъэм и кІэхэу Мишустиным.

● Ар зэрыщытар

АдыгэлІым и картэр

Ар апхуэдизу пэжу зэхэлъхьащ, иджырейхэм къаззрыщхьэщыкІ щыІэкъым.

СТАЛИНЫМ и лъэхъэнэм псышхуэхэр зэпащІэу щытащ кхъуэ щызекІуэфыну кІэнауэшхуэхэмкІэ. Азие Курытым ухуэн щыщІадзат Тыркумэн кІэнауэ нэхъыщхьэр. Ауэ Каспий тенджызым кхыхьхьэ апхуэдэ ухуэныгъэр япэу зигу къэкІар пащтыхь Пётр Езанэрщ.

Хивэ хуэкІуэу

1713 гъэм тыгъэшхуэхэр кхъухушэри, императорым и деж кхъкІуащ тыркумэн къулей Непес Ходжа. ХьэщІэм Пётр къигъэгугъащ Хивэ щІыналъэм зыпищІэнымкІэ дэІэпыкъуу щытмэ, абы урыс хьэпшыпхэр КъуэкІыпІэмкІэ жьыжь Индиемэ нэсыху ишэну.

Пащтыхьым хуэбжьу игу ирихьащ Каспий и Іуэхур. А зэманым къалъытэрт а щІыналъэхэм ПерсиемкІэ фІэкІа умыкІуэфыну. Ауэ Непес жиІэрт Амударья утету кхъухьклэ удэкІуеймэ, Индием нэхъ тыншу унэсыну.

Пётр Езанэм и унафэкІэ 1714 гъэм кхъзакъ 1500-рэ зыхэт дзэ гъэзэгу техьащ къэбэрдеидж Бекович-Черкасский Александр я пашэу. Иужьрейм Европэм щІэныгъэфІ щызэригъэгъэхат, абы кІуэн и пэкІи къриСтан диныр къыщтат. Гупышхуэм я гъусэт геодезистхэр, картографхэр, бгыхэм зэрелэжьыну щыкІэм хэзыщыкІ ІэщагъэлІхэр.

Илъэси 3-м нэскІэ къэхутакІуэхэм щІащыкІащ иджырей Тыркуэнэмкъэ Узбекистанымрэ я ищхъэрэ лъэныкъуэр, Каспий и Іуфэм быдапІитІ ІуащІыхьащ. Абыхэм къащІащ Амударьяр, Каспийр мыхъуу, Арал тенджызым зэрыхэлъэджыр - нэхъапэм абы щыгъуэзэу щытатэкъым. Мис абы щыгъуэщ тенджызитІыр кІэнауэкІэ зэпащІэну Пётр Езанэм игу ящыщкІар - «Санкт-Петербургрэ и деж къыщыщІадзауэ бухъар эмирым и деж нэсыху хьэпшыпхэр яшэн папщІэ».

Каспий и Іуфэхэм екъэлІауэ хьахуэ псори щыкъэрым ирагъэхьри, гупым Хивэ и лъэныкъуэмкІэ иунэтІащ. АрщхьэкІэ къэзакъэм ящыщу къэзыгъэзэжар машІэ дыдэщ - езы къэбэрдеипщри яхэту ахэр Хивэ и хъаным бзаджагъэкІэ къиукІащ: гуапэ дыдэу иригъэблагъэри, псори игъэблэгъырыгащ. Илъэс дэкІа иужь къэхуар Санкт-Петербург щыжиІэжащ тельыджэу кьелу къалащхьэм нэсыжьыфа къэзакъ Ахметов Иван.

1717 гъэм Париж щыІэу Пётр Езанэм франджы еджагъэшхуэхэр щыгъуазэ ищІащ Каспий тенджызым и къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ щІыналъэр зыхуэдэм. Ар апхуэдизкІэ я деж щІэти, академикхэм тельыджэ ящыхъущ, езы пащтыхьри Париж академием хагъэхьащ.

ЗэратхыжамкІэ, лІэн и пэкІэ, Пётр Езанэм жиІат Бекович-Черкасский Александр илъ ищІжьыну зэрыхунэмысар хуабжьу игу къеІуэу.

АрщхьэкІэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, иужькІэ Бекович-Черкасский и картэр Урысеим щыбзэхри, абы зэфІигъэкІа лэжьыгъэр псынщІэу щащыІулІащ жащ. Илъэс 250-рэ дэкІа иужьщ ар франджы архивхэм щыщыхагъэтэжар. Тельыджэщ, ауэ хьэбэрдеипщым и картэр щІэныгъэм и иужьрей екъулІэныгъэхэр я лъабжьэу зэхалъхьа иджырейхэм къаззрыщхьэщыкІ щыІэкъым - пори тэмэму къыщыщІыгъэльэгъуащ.

Каспийрэ Арал тенджызымрэ зэпызыщІэ кІэнауэ дэтІыкІынымэ теухуа лэжьыгъэр, ищхьэкІэ зэрыжьтІащи, щызэхаублар совет властым и лъэхъэнэрщ. Ар и кІэм нагъэсакъым, ауэ Арал тенджызым Іисраф къыхуагъэкІыащ. Ауэ ар нэгъуэщІ псалъэмакъщ.

● Іуэрыіуэтэжхэр

Сатыр зыбжанэкІэ

Язныкъуэхэм деж абыхэм ухагъэгъуазэ тхыгъэшхуэхэм къыщыпщІэм нэхъыбэ нэхъыбэм.

Генералхэр-щэ?

США-м Граждан зауэр щыщекІуэкІым (Ищхъэрэмрэ Ипщэмрэ щызэпэщІуэувам) президент Линкольн Авраам хьыбар ирагъэщІащ конфедератхэм (ипщэхэм) генерал гуп гъэру зэраубыдам, кьыдыр зыщІэщІа гу зыкъоми къуентхъыу зэрагъэрыхьам теухуауэ. Зэмихар Линкольн и жагъуэ хъуащ.

- Ар сыту хэщІыныгъэшхуэ! Сыту хэщІыныгъэ хьэлъэ! - къытригъэззжурэ жиІэрт абы.

Йужьклэ къагуригъэІуащ зи гугъу ищІыр:

- Зы къыдыр къэс доллар 200 и уасэщ!

Аргуэру зы

Дунейм шахматымкІэ и чемпиону илъэс куэдкІэ щыта Ботвинник Михаил Израилым щекІуэкІ зэхьэзэхуэ гъэрыщ щыІэт. Езыр щыджэгурт тэкъым, хьэщІэу ирагъэблэгъауэ арат. Абыр рэ къэралым и премьер-министр Бен-Гуриондрэ пщыхьэщхьэм къыщІэкІыжьым иужьрейм жиІащ:

- Журтхэр зы зэхэрлым щыпсэуамэ арат?!

Ботвинник занщІэу жэуап иритащ:

- Сло́жь, иджыри зы революцэ ухуейуэ ара?

Щхьэ удэмыплъейрэ?

Гроссмейстер Крогиус Николай зы шахмат зэхьэзэхуэ гуэрым и Іуэху къыщыкІатэкъыми, къэкІуэжа иужь ар зыщыпсэу къалэм и унафэщІыр къешхьэдэрт:

- Зэм хъарзынэу уоджэгу, зэми зыщІыбогъэх. УзэпІэзэрыткъым. Ботвинник щхьэ удэмыплъейрэ? Илъэс дапщэ хъуауэ ар дунейм и экс-чемпион! ИкІи зэи текІыркъым.

● Футбол

Кэнжэр Бахъсэным пэлъэщыну?

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2019 - 2020 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр иухыным джэгугъэуищ къэнэжауэ араш. Абы и дыщэ медалхэм щІэбэнхэр кІуэ пэтми нэхъ мащІэ мэхъу.

ТОП дагъэкІахэмрэ кьыхудагъэкІахэмрэ зэрызэхущытым фІэкІа зэщхьэщыкІныгъэ ямыІэу нобэм хэса республикэм и нэгъабэрей чемпион Бахъсэн и «Автозапчасть»-мрэ куэдым хуамыгъэфащауэ абы нобэм хъуагъэу пЛъэщ къыхуэхуа «Кэнжэмрэ» я зэпэщІэтныгъэр щиухыжр, хуэбгъэфащэ зэрызъунумкІэ, иужь дыдэ джэгугъэращ. Уеблэмэ езыхэр щызэпэщІами ахэр зэрытемыгъэкІууэ, 1:1-уэ, зэбгъэдэкІыжащ. Зэкіэ бахъсэндзэхэм я Іуэхухэр нэхъыфІщ, ауэ кэнэжа джэгуГуиущым иджыри къэхъунур хэт ищІэн.

Щбэзэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэта зэІущІэхэми къагъэлъэгъащ «Автозапчасть»-м и чемпионыгъэр иутЫпщыну зэрызимыгъэхьэзырыр. Ар бжьыгъэшхуэкІэ, 7:1-уэ, «Ислъэмейм» текІуащ. «Кэнжэм» и хьэрхуэрэгъуэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и командэм зэрефІэкІыфар топитКІэщ. А зэщхьэщыкІныгъэ псори иужькІэ къабжьыкъым хуей хъуну хъыщІэкІынущ.

Мы зэпеуэм зыми щыхимыгъэщІэфа Налшык и «Мурбек»-рэ дыщэм щІэбэнхэм ящыщщ, ауэ, иужь джэгугъуэм Налшык и «Спартак»-м и щІалэгъуалэ гупым зэрыпэмылъэщам и зэрагъэкІ, Іэмал щІагъуэ абыкІэ къыхуэнэжакъым. ДызыхуэкІуэ щэбэтым ар ІущІэнущ чемпионыгъэр зи пІалІэ «Кэнжэм» икІи абы къриклІуэм куэд елъытащ адэкІэ бэнэныгъэр зэхьэзэхуэм зэрыщекІуэкІыну щыкІуэр. Кэнжэдэсхэми «Мурбек»-р ямаГъэщІэфмэ, очкоитІ-щы яфІэкІуэдыныущи, «Автозапчасть»-р яІэщІэкІынущ.

Яджыри къэс зэ фІэкІа зи хьэрхуэрэгъуэм пэмыльэщ Къэрэгъэш и «Иналыр» иужь джэгугъитІми щытекІуащ. Абыкіэ Іэмал ягъэтащ етІанэгъэ гуп нэхъыщхьэм къыхагъэкІыну шынагъуэ зыщхьэщытхэм къащхьэщыкІуэтыну.

ФІэщщІыгъуейщ нэгъабэ дыгъэгъазэм и 21 лъандэрэ зыми темыкІуэфа Прохладнэ и «ГорИС-179 РусГидро»-р зыгуэрым кьригъэлыфыну. Абы иужькІэ зы очко закъуэ зыІэрагъэхьэфауэ аращ икІи куэд щІауэ я хьэрхуэрэгъуэхэм зэрапэщІэтыну къаруурэ жьыджэрагъэрэ ядэплъагъуркъым. АрщхьэкІэ, хэт ищІэн? Зэхьэзэхуэм и кІэух джэгугъуэхэм узыпэмыплъа хьэлэмэт куэд къыщыхъу щыІэщ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщыІыгъщ Сэрмакъ и «Союз»-м и пашэ Хьэрэлъашэ Жэмалдин. Абы къыкІэлъокІуэ «Хьэтіохъущыкъуейм» щыджэгу Молэ Андемыркъан.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэжщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм къриклІуэ бжьыгъэхэм. Мис аэр: **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Мурбек»** (Налшык) - **0:0**, **«Малка»** (Малкэ) - **«ХьэтІохъущыкъуей»** (ХьэтІохъущыкъуей) - **0:0**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **7:1**, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«КъБКъМУ»** Налшык) - **3:1**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Союз»** (Сэрмакъ) **- 2:1**, **«ГорИС-179 РусГидро»** (Прохладнэ) - **«Бабугент»** (Бабугент) - **1:6**, **«КъБКъУ»** (Налшык) - **«Инал»** (Къэрэгъэш) **- 0:1**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2019-2020 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	11	9	2	0	37-7	29
2.	«Кэнжэ»	11	9	2	0	25-4	29
3.	«Мурбек»	11	6	5	0	34-8	23
4.	«КъБКъУ»	11	7	0	4	25-16	21
5.	«Хьэтіохъущыкъуей»	12	5	3	4	24-24	18
6.	«Тэрч»	11	5	2	4	16-14	17
7.	«Шагъдий»	11	5	1	5	18-19	16
8.	«Бабугент»	12	5	1	6	27-21	116
9.	«Союз»	11	5	0	6	23-27	15
10.	«Малка»	11	4	2	5	12-18	14
11.	«Спартак-Д»	11	3	3	5	16-12	12
12.	«Инал»	11	3	1	7	11-26	10
13.	«КъБКъМУ»	11	2	1	8	8-23	7
14.	«Ислъэмей»	12	1	4	7	13-32	7
15.	«ГорИС-179 РусГидро»	11	1	1	9	4-42	4

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Сом мелуанищ къуэдыуэ тралъхьэжІэ мэхъу

Урысей МВД-м Лэскэн щІыналъэм щиІэ къудамэм и ОГИБДД-м и гъэзгу-плъыр къулыкъум и лэжьакІуэхэм Ерокъуэ къуажэм дэк къыщагъэувыІащ илъэс 43-рэ зи ныбжь, Прохладнэ районым щыпсэуэм зэрыгъакІуэ «УАЗ» автомашинэр.

ТРАНСПОРТЫР къыщыщэпаплъэхьым, полицейхэм къагъэуэтащ спиртымэ къызыхьих, литриткУ зэрыхуэ полимер птулькІэ 782-рэ. Псори зэкэту къыщІэрахащ литр 390-рэ. ИрагъэкІуэкІа экспертизэм къызэригъэльэгъуамкІэ, а спиртэхкІ продукцэр ГОСТ-м къитІасэркъым.

Шофёрым зэрыжиІамкІэ, хэтыха спиртэхкІэр абы къыщищэхуащ Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм, Ставрополь крайм щригъэкІын папщІэ.

Урысей МВД-м Лэскэн щІыналъэм щиІэ къудамэм и Следственнэ ІэнатІэм шофёрым ельэІа уголовнэ Іуэху къиІэтащ УФ-м и УК-м и 171.3-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм къыщыгъэльэгъуа щІэпхъаджагъэм (хабзэм къемызэгъыу этил спирт, фадэ, спиртэхэ продукцэхэр къыщІэгъэкІын, щэн) тещІыхьауэ. Абы ипкъ итхэ, хабзэмебэкъуам къуэдыуэ сом мелуаниищ ирагъэпшынын е илъэсищ пІалъэкІэ ягъэтІысынкІэ мэхъу.

Зыгъэхьэзырар **УАРДЭ Жантинэщ**.

● Израиль

Израилым езым и щыхьэру игъэува Иерусалим ящыщщ дунейм и къалэ нэхъ дахэ дыдэхэм икІи тельыджэхэм. Ар ижьиижьыж лъандэрэ дин лъэрызехьэхэу щым я щІыналъэу къокІуэкІ. Абы щыІэщ нэгъуэщІ щыпІэхэм узыщрамыхьэлІэну уху эныгъэхэр. Сыт щыгъуи ціыху куэд дыдэ йокІуаліэ Аль-Аксэ мэжджыым. *(Сурэтым и кум щывольэгъу).*

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Махуэкум» и къыдэкІыгъэр зыгъэхьэзырар политикэ обозреватель **ШАЛ Мухьэмэдщ**.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленниным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ, КъБР, Налшык къ., Ленниным и уэрам, 33.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хунтыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П5894
Тираж 2.108
Заказ №109

«КъБР- Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущапіэм, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Заман», «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Горянка, «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Іуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Налшык» ОРТК-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «КъБР-Инфо» хъыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм я лэжьакІуэхэр **Кучуковэ Сафият Ахьмэт и пхъум** хуогузавэ и дэлъху **Кучинаев Юсуп Ахьмэт и къуэр** зэрылІам къыхэкІыу.